ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№159 (23.067) • 2015 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 19, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2016 гъэм мэкъумэш ІэнатІэр къыхэтхыкІынымкІэ Урысейпсо лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зэрыщрагъэкІуекІынум зыхуэгъэхьэзырынымрэ гъэзэщІэнымрэ къызэгъэпэщынымкІэ Правительствэм и комиссэм зэхъуэкІынигъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм шыщхьэуІум и 11-м №189-ПП
Налшык къалэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

2016 гъэм мэкъумэш ІэнатІэр къыхэтхыкІынымкІэ Урысейпсо лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зэрыщрагъэкІуекІынум зыхуэгъэхьэзырынымрэ гъэзэщІэнымрэ Правительствэм и комиссэм, «2016 гъэм мэкъумэш Іэнатіэр къыхэтхыкІынымкІэ Урысейпсо лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм зэрыщрагъэкІуекІынум зыхуэгъэхьэзырынымрэ гъэзэщІэнымрэ теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м кьыдигъэкІа Унафэ №136-ПП-мкІэ кьищтам, мы кьыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІынигъэхэр хэлъхьэн:

а) Правительствэм и комиссэм хэгъэхьэн мы кьыкІэлъыкІуэхэр:

Алэкъей А. М. - Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Ячный И. В. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

б) Говоров С. А. щІэуэ кьрата кьулыкъуэ къэгъэлъэгъуэн - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр *(Правительствэм и комиссэм и тхьэмадэм и кьуэдзэш)*;

в) Правительствэм и комиссэм кьыхэгъэкІыжын Дадэ М. А., Къуэдзокъуэ М. М. сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий

● ЩІЭ

НыбжьыщІэхэм я зэхуэс

Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІащ Къэрал щхьэхуитхэм я зэгухьэныгъэм хыхьэ къэралхэм я блогер ныбжьыщІэхэмрэ журналистхэмрэ я япэ зэхьхьэр.

КАВКАЗЫМ щыщІэрыІуэ Хьулам-Безенги ауэым щыізэхуэсащ къэрал 20-м ящыщ ныбжьыщІи 100-м щІигъу. Махуитхуэм кьриубыдэу ахэр я лэжьэгъуэхэм я щІэныгъэхэмкІэ ехъуэжащ, къищынэмыщІауэ, зыпэрыІэщІагъэм зэфІэкІ щызиІэхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр зрагъэщІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къарасу къуажэм щыщхьэуІум и 10-м кьыщызэІуахащ а щколыр. Дэтхэнэ къэралми я лІыкІуэхэм усэхэр, уэрдэхэр, къафэхэр ягъэхьэзыращ.

Зэхьихьэр къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм ЕгъэджэныгъэмрэщІэныгъэмкІэ и министерствэм, Кубань къэрал технологие университетым, «Зэныбжьэгъугъэ» дунейпсо щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «Регион онлайн» РИА-м, СНГ-м щыщ къэралхэм я лІыкІуэу мы зэпеуэм хэтхэм ЩІалэгъуалэ ІуэхуэхэмкІэ и советыр, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ я дэІэпыкъуэгъуу.

ГРЕБЕНЩИКОВЭ Ангелинэ.

Сурэтхэр **Белгъэрокъуэ Марьянэ** *трихащ.*

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Лъэпкъыр зэрикъухьам дигъэгумэщІми, щІыналъэ куэдым зэрыщыпсэум гур хегъахъуэ

Сэхъурокъуэ Хьэутий

Ди газетымкІэ хъыбар зэрывэдгъэщІащи, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лІыкІуэхэр Тыркум, Иорданием, Израилым щыІащ, ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэху зытетыр зрагъащІэу, ДАХ-м и лэжьыгъэр зыхуэунэтІамрэ адыгэм и зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным ехьэлІауэ щІапхъэхэмрэ хэхэсхэм хуэзпкърахьу.

АПХУЭДЭ зекІуэм иІа мыхьэнэм, лІыкІуэхэр щІежьа щхьэусыгъуэм, хамэ къэралхэм щыпсэу ди къуэшхэр къаэрыІущІам, нэгъуэщІхэми зэпкърыхауэ журналистхэм яхутепсэлъыхьыжащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Абы къыхигъэщащ хамэ щІыналъэхэм щикъухьа адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ иужьрей илъэсипщІым нэхъ щІэх-щІэхьэуРэ зэкІелъыкІуэ зэрыкъуар, лэжьыгъэ, лъэпкъ Іуэху зезыхуэхэм нэмыщІи, щІалэгъуалэр хэкум еджакІуэ къызэрагъакІуэр, ныбжьыщІэхэр зыгъэпсэхуакІуэ адэжь щІыналъэм къызэрыкІуэжыр, бзэм, нэгъуэщІ щІэныгъэхэм ятеухуа зэІущІэхэр зэрекІуэкІыр, хьэрычэтыщІэ Іуэхум ехьэлІауэ куэд зэрызэхуэзэр.

- Хамэ къэралищым дызэрыщыІам лъабжьэ хуэхъуар ди къуэшхэм а щІыналъэхэм щаІэ псэукІэр ди нэкІэ зэдгъэпсалъэгъунырщ, абыхэм я гурыфІыгъуэхэмрэ гуныкъуэгъуэхамрэ зэдгъэщІэнырщ, ДАХ-м и Х Конгрессым хэхэсхэм ятеухуауэ кьыщыпІэтыну упщІэхэр дубзыхунырщ, - жиІащ Сэхъурокъуэм. - Сэ си гъусащ пщІэ зыхуащІ, зи Іэдакъэщ Іэкіэр ялъытэ, зи цІэр фІыуэ ящІэ, УФ-м и Тхакіуэхэм я союзым и унафэщІым и къуэдзэ, Адыгэ Республикэм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, АР-м, КБР-м, КЪШР-м я цІыхубэ тхакіуэ, СССР-мрэ УФ-мрэ я Къэрал саугьэтхэм я лауреат **Мэшбащіэ Исхьэкъ**, зи тхылъхэмкІэ, ІуэхущІафэхэмкІэ, лъэпкъым хуилэжьхьэмкІэ къэрал куэдым къыщацІыху, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщіэ Мухьэмэд** сымэ. Ялрэ дыздэщыІар Тыркураш, псом ялрэ дыхуэгузэващ зи къуэмрэ зи щхьэгъусэмрэ гуузу хэкІуэда Кьылыш (Джатэ) Метин. Ар езыр лъэпкъ Іуэхум хэлэжьыхь адыгэ щІалэщ, и унагъуэм исхэр Тыркумрэ Сириемрэ я гъунапкъэхэр щызэпылъ щІыпІэм кІуат, псапащІэ Іуэху иужь иту. Абдеж къыщыхъуа теракТым хэкІуэдащ Налшык щеджэ щІалэ ахъырзэман Кьылыш Нартанрэ абы и анэ Ферданерэ.

ИужькІэ Анкара дыкІуэри, хасэ къудамэ 58-рэ кьызэщІэзыубыдэ КАФФЕД-м кьызэригъэпэща зэІущІэм дыхэтащ. Абы и тхьэмадэ **Хьэгъундокъуэ Яшар** зэхуэсыр иригъэкІуэкІти, псэльэну гукъыдэж зиІэ зы цІыхуи пэшым кьыщІинауэ кьыщІэкІынкъым апхуэдэ Іэмал яримыту. Дэтхэнэми игу илъыр кьиІуатэрт, ди щІыуэгъэхэр дагъэльагъужу, я чэнджэщэхэр кьыдахьэлІэу. ЗэІущІэм и пэщІэдзэм зытепсэльыхьар нэхъ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхуэзращ жысІэмэ, сыщыІуэнукъым - ахэр Урыс-Кавказ зауэкьым ехьэлІаэхэрт, иджыпсту Урысейм къращІылІэ санкцэхэм теухуауэ яІэ гупсысхэрт, уеблэмэ «ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр Сочэ кьыщыізэрагъэпэщыныр адыгэхэм, ДАХ-м щІахуидар сыт?» жаІэу упщІэхэр кьытхуагъэувырт. Ауэ, пэжым утетмэ, хабзэр уи тегъэщІапІэмэ, хэкІыпІэм ухуещэ. Ди къуэшхэм яхуэпкърытхащ Іуэхур зэрыщыытар. Олимп Джэгухэр кьыщызэгъэпэщым ипэ ди лІыкІуэ гуп абы зэрыщыІар, Урысейм, Краснодар крайм я унафэщІхэм зэрахуэзар, адыгэхэр сытым дежи я адэжь хэкум ихьэжыну зэрыхуитыр кьызэрыжраІар, ди лъэпкъым и тхыдэм теухуа щхьэхуэныгъэхэр Олимпиадэр кьыщызэІуахым кьызэрыхэщар, Джэгухэр щекІуэкІым «Адыгэ унэ» дахэр олимп паркым эзритар, ди цІэр фІыкІэ зэрагъэІуар зэпкърыхауэ щахуэгІуатэм, а упщІэр кьэзыІэта куэдыр щІегъэжат. Зи гугъу тщІа Іуэху дахэхэм, зэІущІэ щхьэпэхэм ятеухуа хьыбархэр зэрызэхамыхари кьыджаІащ.

Сэ кьызгурыІуар зыщ: хамэ къэрал куэдым ипхъауэ щыпсэу адыгэ лъэпкъыр тэмэму зэрыщІэркъым, дуней псор зэпызыщІэ хьыхэр кьагупсыса щхьэкІэ, дэ иджыри ахэр кьэдгъэсэбэпу десакьым. КьыщынэмыщІауэ, а псори ди бийхэм нэхъ Іэрыхуэу кьаГэсэбэп, дэ кьытэтщ ди зэпыщІэныгъэм кІэ езытыну хуейкэр, Іуэху фІей зезыхьэхэм я жьауэм щалэгъуалэр щІашэну зи гуращэхэр. Ар кьэдгъэхьу мыхъун Іуэхущ, гузэвэгъуэ зэгуэр зи нэгу щІэкІа ди лъэпкъыр аргуэру лъыгъажэмрэ залымыгъэмрэ щІыхуэтшэн щІыпкъым. Дыхуейкьым дэ зэгурымыІуэныгъи зауи. Ар ди щІалэгъуалэм кьагурыІуэну сыхуейт.

(КІэухыр 4-нэ нап.).

Іэщэ лІэужьыгъуэщІэр ярищэнущ

УФ-м и Президент Путин Владимир Іэ щІидзащ Ираным С-300 ракетхэр ещэным теухуа унафэм.

А къэралым зыхъумэжыныгъэмкІэ и министр Дехган Хосейн жиІащ Ираным Урысейм деж С-300 ракетхэм хуэдэу плы зэрыщищэхунум теухуа зэгурыІуэныгъэм Іэ традзэн папщІэ мыгувэу Москва кьызэрыкІуэнур.

«А зэгурыІуэныгъэм Іэ теддзэным зэран хуэхъуфын лъэпощхьэпо щыІэу слъагъуркъым, нэхъапэм ар кьыдэмыхъуІами», - кьыхигъэщащ абы.

Іэщэхэр кьыщІэзыгъэкІ «Алмаз-Антей»-м зэрыщыжаІамкІэ, лъэныкъуэхэм зыхуэфащэ дэфтэрхэр зэІупахмэ, ахэр хьэзырщ абыхэм кьыщыгъэлъэгъуахэр ягъэзэщІэну.

Ди къэралым и Президентым ищІа апхуэдэ унафэм игъэгузэващ КъуэкІыпІэ Гъунэгъум щыІэ къэралхэр. Псалъэм папщІэ, Израилым кьельытэ Ираным апхуэдэ Іэщэ иІэным журтхэм я къэралыгъуэм и шынагъэншагъэр кьиригъІасхъэу.

Совет дамыгъэр ядэркъым

Гъубжэрэ уадэрэ зытет вагъуэ сурэтыр зытегъэуа автомобилыр Литвам ирагъэхьакъым.

Автомобилыр зейм хуагъэуващ совет лъэхъэнэм и нагъыщэ сурэтыр и абджьым кьыкІэрихыну е я къэралым лъэсу ихьну. Мыдрейм ар имыдэу Калининград областым игъэзэжащ.

Коммунистхэми нацистхэми я дамыгъэхэр зэхуэдэу щадэркъым а къэралым. Литвам и хабзэхэм зэрыщыубзыхуамкІэ, апхуэдэхэр зыгъэльэгъуэну яужь ихьэм еври 144-м кьыщыщІадзауэ 289-м нэскІэ етхьэкъунущ.

♦Гуманитар дэІэпыкъуныгъэм и дунейпсо махуэщ

♦1895 гъэм Лондон кьыщызэрагъэпэщащ Дунейпсо кооператив зэгухьэныгъэр.

♦1942 гъэм Кьардэн Кьубатий Елхьуэт (Осетие Ищхьэрэ) и деж бийм и кьухьхьлъатитІ кьыщириудыхащ.

♦1960 гъэм Байконур космодромым тельэтыкІащ Белкэ, Стрелкэ хьэхэр зэрыса «Спутник-5» кхъухьыр. Ар шыщхьэуІум и 20-м кьэтІысыжащ. Псэ зыІутхэр псэууэ хьэршым кьизыхыжа ялрэ космическэ аппаратт ар.

♦1991 гъэм ГКЧП-м СССР-м чрезвычайнэ щытыкІэ щигъэуват.

♦Скульптор **Уэзы Заурбэч** кьызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦КъБР-м, КъШР-м, АР-м щэнхабзэмкІэ щыхъь зиІэ я лэжьакІуэ **Бищіо Анатолий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхъь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугьэтым и лауреат **Къэжэр Валерий** кьызэралъхурэ илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, КъБР-м гъуаздэжэмкІэ щыхъь зиІэ и лэжьакІуэ **Дэбагъуэ Роман** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ

Фыз улъыхъумэ, благъи дэлъыхъуэ.

● Псапэ

Школым хуагъэхьэзыр

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым Бахъсэн районым щиІэ къудамэм гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу щІыналъэм щрегъэкІуэкІ «Сабийр школым худогъэхьэзыр» псапащІэ Іуэхугъуэр.

БАХЪСЭН районым и администрацэм и пресс-Іэнатіэм и унафэщІ Чылар Аринэ хъыбар кьызэрыдигъэщІамкІэ, партым и щІыпІэ хэщІапІэм (Бахъсэн кьалэ, Революцэм и цІэр зезыхьэ уэрам, Бизнес-инкубаторым и унэ, 3-нэ кьат, 305-нэ пэш) щыщхьэуІум и 16-м кьыщыщІэдзауэ 24-м нэсыкъ а псапащІэ Іуэхум хуэщІа Іэнатіэ щолажьэ. НыбжьыщІэхэр школым хуэгъэхьэзырыжьыныкІэ адэанэхэм ядэІэпыкъуну хуей дэтхэнэми абы ихь хуэщІ сабий щыгъынхэр, школ Іэмэпсымэхэр (ручкэ, къэрэндащ, тетрадь, тхылъ, альбом, н.къ.).

Псапэ щІэныр, хуэныкъуэхэм ядэІэпыкъуныр бгырыс лъэпкъэхэм игъащІэми кьыддокІуэкІ. Іуэхур кьызэзыгъэпэщахэм щІыуэгъэ хьухраджэ абы жьыджэру хэтыну икІи фІыщІэ ин хуащІ апхуэдэ гулъытэ зыхэлъ дэтхэнэми.

ТАМБИЙ Линэ.

● Щыуэпс къэхъукъащІэхэр

ХэщІынигъэу къишар зыхуэдизыр къапщытэ

Шыщхьэуіум и 16-м и пщыхьэщхьэм жьышхуэ щІэту къешха уэшхым и ужькІэ, щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Куэшей Азэмэтрэ къуажэхэм я комиссэхэмрэ щІыгъуу, Аруан щІыналъэм къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и комиссэр и кьалэным пэрыхьащ.

ЖЬАПЩЭМРЭ уэшхымрэ зэращхьэщыкІыкІы, сыхьэт 17-м къэпщытэныгъэм щІадзащ. Сыхьэт 21-м ирихьэлІэу жылагъуэ псоми токыр иратыжащ, район сымаджэщымрэ Нарткъалэ псы кьыхэлпІэмрэ ар падзэжащ.

Кьэхъунымрэ Шэрэдж Ищхьэрэмрэ электрокъарур кьыкІэлъыкІуэ махуэм яІэрыхьэжащ. Псори зэхэту пкъо 47-рэ кьигъэуат, кІапсэ куэд зэпичат. Ахэр зэфІэгъуэвэжыным ІэщІагъэлІ 70-м щІигъу зыхэта гупих елэжьащ, техникэ зэмылІэужьыгъуэу 21-рэ кьагъэсэбэпащ.

Нарткъалэрэ къуажэхэмрэ щыпІэ щхьэхуэхэм жьым жьыгъэр щІигьыкІащ, унагъуэхэм я ток кІапсэхэр кьыщыпиудащ, къэкІыгъэхэм, унагъуэ хадэхэм эзран хуэхъуащ.

Шыщхьэуіум и 17-м сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 30-м ирихьэлІэу «Кавказ Ищхьэрэм и МРСК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и ІэщІагъэлІхэм Аруан щІыналъэм и Іуэхутхьэбзэщ Іапіэ псоми ток кІуапІэхэр щызэрагъэпэщыжащ, Къэхъун къуажэм щыщ унагъуэ щхьэхуэхэм ар дыгъуасэ хупадзэжащ.

Дунейм и къэхъукъащІэм хэщІынигъэу кьишар щІэ законодательствэм тету къалъытэнущ.

Аруан щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Дызыщымыгъуэза тхыдэ напэкІуэцІхэр

● ТхылъыщІэ

2011 гъэм «Адыгэ псалъэ» газетым къытехуауэ щытащ Къумыкъу Мамдухь итхауэ «Адыгэхэр я щхьэхуитныныгъэм зэрыщІэзэуар» тхыгъэщхуэр. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и лъэпкІэ а тхыгъэм иджыри дыщІигъужри, хьэрыпхэм папщІэ Мамдухь зы тхылъышхуэ игъэхьэзыращ. Ар иджыблагъэ хьэрыпыбзэкІэ Налшык къыщыдэкІащ, и тиражыр 500 хъуащ.

«АДЫГЭХЭР, Кавказымрэ КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ папщІэ ирагъэкІуэкІа зэпэщІэувэныгъэ инхэр. 13-нэ лІэщІыгъуэм икуэм щегъэжьауэ 21-нэ лІэщІыгъуэм и пэщІадзэм нэс» фІэщыгъэр зиІэ тхылъым адыгэ тхыдэм щыяпэу кьыщыгъэлъэгъуэжащ Африкэм, Иракым, Ливаным, Палестинэм, Тыркум, адыгэхэр щыпсэуа нэгъуэщІ щІыналъэ куэдми щекІуэкІа лъэпкъ зэщІэхъеенныгъэ инхэр. Мамдухь тхылъым щызэпкърихащ дуней псом щызэбгрыдза адыгэхэм я щхьэ къырикІуа Іуэху зэхуэмыдэжэр, я щхьэхуитныныгъэм папщІэ ахэр зыхэта бзэныныгъэхэр, нэгъуэщІ куэди. АдыгэбзэкІэ игъэхьэзырам хэмыхуауэ мы тхылъым кууэ и гугъу щищІащ Урыс-Кавказ зауэр иуха иужь адыгэхэм я щхьэ къырикІуам. Къумыкъур зэхэхауэ тепсэлъыхьащ Хэкужьым кьина адыгэхэм я Іуэху зэрыхъуами хамэщІыр псэупІэ зыхэхъуахэм я гъащІэр зэрекІуэкІами. ЩІэч хэмылъу, тхылъым и щІэджькІакІуэхэм къызэзгъужьынущ нобэр кьыздэсым куэдыр зыщымыгъуэза адыгэ тхыдэм и напэкІуэцІхэр.

Тхылъыр напэкІуэцІ 900-м ноблагъэ, абы ихуащ адыгэ лъэпкъым и зэфІэувэныгъэм зи гуащІэ хэзылъхьа цІыху щэджащэхэм я сурэтхэр. Мы кьыдэкІыгъуэр ялъэІэсынущ хьэрып къэрал 22-м, кьищынэмыщІауэ, Ливаным кьыщыдигъэкІынущ.

Тхылъыр зи Іэдакъэщ Іэкі Къумыкъу Мамдухь хэхэс адыгэхэм я щІэблэщ. Ар Сириеи и Кьунейтірэ кьалэм и Іэхэлъахэм щыІа Хьэшшие кьуажэм кьыщалъхуащ. Курыт школыр абы кьыщиухри, Дамаск дэт университетым щеджащ. Ар хьэрып къэрал зыбжанэм (Алжириым, Саудей Хьэрыпым, Сирием) егъэджакІуэу щылэжьащ, Адыгэ фІыщІэ Хасэм и унэтІакІуэхэм ящыщ зыуэ щытащ. И тхылъ зыбжанэ хьэрыпыбзэкІэ Дамаскри Аммани щытрадзащ. «Сыт псыхъуэ цІыкІум жиІэр» и тхылъыр, рассказхэр щызэхуэхьэсар, 1997 гъэм Налшык къыщыдэкІащ. Къумыкъур Сириеи, Урысей Федерацэм я ТхакІуэхэм я союзхэм хэтщ.

Къумыкъу Мамдухь куэд зэфІигъэкІащ адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм хэхэс адыгэхэм я деж зыщегъэубгъуным хуэунэтІауэ. Абы хьэрыпыбзэкІэ зэридзэкІыурэ кьыдигъэкІащ къэбэрдей тхакІуэхэм я тхыгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ КІыщокъуэ Алим и роман цІэрыІуэхэр, ІутІыж Борис и «Тыргъэтауэ» драмэр, нарт хъыбархэр, нэгъуэщІхэри. Мы зэманым Мамдухь иужь итщ нарт эпосымрэ къуэкІыпІэ мифологиемрэ зэщхьу яхэлъыр кьэзыхутэ лэжьыгъэшхуэм. ТхакІуэм кууэ зыхещІэ и лъэпкъым и щхьэкърикІуар, абы кьылыкъуэкІ дэтхэнэ зы Іуэхуми и гуащІэ гуэр зэрыхилъхьэным хущІэкъуу апхуэдэщ. Абы и Іэдакъэщ Іэкіэхэм лъабжьэ яхуэхъужар езым и нэгу щІэкІахэмрэ фІыуэ зыщыгъуазэ Іуэхугъуэзмрэщ. Абы кьыхэкІыу ахэр лъхъэнэ псо кьызэрыщ гъуджэм хуэдэщ.

- Сэ нэхъыбэу сыдэзыхьэхыр рассказхэрт, тхэн кьызэрыщІэздзари а жанр лІэужьыгъуэрщ, - жеІэ Мамдухь, - ауэ лъэпкъым и тхыдэр пэжу кьэзыгъэлъэгъуэж тхыдэ тэмэм димыІэу къэслъытэри, абы иужь сихьащ. Си тхылъым зэрыхъукІэ уэбзыхуэу кьыщыщІэзгъэлъэгъуащ дэтхэнэ зы хэгъуэгуми щыпсэу адыгэхэм я Іуэхур.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

● ФокІадэм и 20-р Адыгэхэм я дунейпсо махуэщ

Зи псэр Іуэхушхуэхэмкіэ псыхьа

Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Ахъуэхъу Анатолэ и гъащіэр Іуэхушхуэхэмкіэ гъэнщІауэ къекІуэкІащ. И Іэнатіэм зэфІэкІ щиІэт, жэрдэмщІакІуэт, къызэгъэпэщакІуэ Іэзэт, унафэщІ губзыгъэт. И ерыщагъым, Іуэхум хуиІэ бгъэдыхьэкІэм адрейхэм къахигъэщыт. Ахъуэ пщэрылъхэм къадэкІуэу, лэжьакІуэхэм я зэІуэпэщыныгъэми гулъытэшхуэ хуищІыт, Іэщ Іагъэлілхэр фІыуэ илъагъут, зыхуэныкъуэхэм щыгъуазэти, зэпымыууэ защІигъакъуэрт.

ЛЪАБЖЬЭ быдэ зиІэ лъэпкъым къыхэкІа щІалэр къэзылъхуахэм яхуэфащуэ къыщІэкІащ. Абы и щыхьэтщ къызэринэкІа Гъуэгуанэшхуэм къыщыхьа пщІэмрэ щІыхьымрэ. А псори и ІуэхущІафэм, и дуней тетыкІэ дахэм и гъуджэщ, кьилэжьыжа фІыщІэм и дамыгъэщ.

Ахъуэхъу Анатолэ и гъащІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностымрэ и экономикэмрэ я зыужьыныгъэм къыгуэхьІпІэ имыІэу пыщІащ. Абы щІэдзапІэ хуэхъуащ еджапІэ нэужьым инженеру здагъэкІуа Тырныауз бгы-щагъэбатэ комбинатыр. Техникэм и зыужьыкІэм куууэ хэгъуэза щІалэр жьыдэрти, куэдым хунэсыт. ЗэфІэкІ зэриІэм, къызэгъэпэщакІуэфІу зэрыщытым гу лъатэрэ, комбинатым и механик нэхъыщхьэу ягъуэр. А зэманым телемеханикэ Іэмэпсымэхэр къыщыщІагъэкІым завод Налшык къыщызэІуахат, Іэнатіэщ Іэк Іэтым, лъэ быдэкІэ гъэувым хуейти, Ахъуэхъур абы и унафэщІу ягъакІуэ. Телемеханикэ комплексхэр зэхэлъхьэным икІи къыщІэтэкІыным теухуа лэжьыгъэшхуэм щыщІидзари аращ.

Телемеханикэ аппаратурэхэм мыхьэнэшхуэ яІэт: цІыхубэ хозяйствэм и Іэнатіэхэм я лажьыгъэм кІэлъыплъымкІэ, я технологиер унэтІыныкІэ, егъэфІэкІуэныжьмкІэ Іэмалыф къызэрагъэпэщыт. ИкІи, абыхэм я фІыгъэкІэ, хъыбархэр зэрызэІэпах телекомплексхэр къэралым щагъэхьэзыру, промышленностым къыщагъэсэбэпу щІадзэ. Полупроводник Іэмэпсымэхэр зи лъабжьэ телемеханикэ пкъыгъуэхэр къыщІагъэкІыу зэрызэтраублар Анатолэ и зэфІэкІым куэдкІэ и фІыгъэт. Инженер Іэзэр жьыжьаплъэт. Абы и жэрдэмкІэ, программэ Іэмалхэмкіэ Іуэхур яунэтІу, есэпыр зи лъабжьэ езырылажьэ телекомплексыщІэхэр зрагъэхьэзыру хуожьэ. КъищынэмыщІауэ, хъыбархэр зэрызэхуагъакІуэ, зэрызэІэпах щІыкІэр, моделхэр, субкомплексхэр Анатолэ и унафэм щІэту зэхалъхьэу щІадзэ, автоматизированнэ системэхэм я конструктор бюро щхьэхуэ къызэІуах. Телемеханикэм и Іэмалхэр зэхэлъхьэным, къыщІэгъэкІыным теухуауэ къэралым щекІуэкІ Іуэхуэхэм конструктор бюрор кІэлъыплъыт. Абы епхауэ къызэІуахауэ щытащ щІыдагъэм пыщІа щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтыр (Баку къ.), автоматикэмрэ телемеханикэмрэ я союзпсо институтыр (Киев къ.), промышленностым зегъэужьыным, телемеханикэ Іэмэпсымэщ Іэ дыдэхэр къыщІэгъэкІыным, информатикэм, электрон Іэмалхэмкіэ ягъэпс машинэхэр зэхэлъхьэным телажьэ щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтыр (Мэзкуу къ.). Конструктор бюром и Іуэху псоу зыунэтІыр Анатолэт. Къызэралъытэ-зэрызэпабж техникэм къыщагъэсэбэп Іэмалхэр промышленностым папщІэ ягъэхьэзыру зэрыщІадзари Ахъуэхъум и фІыгъэщ. Абы щхьэкІэ «Телеавтоматика» заводыщІэ Нарткъалэ щаухат.

«Севкавэлектронмаш» производственнэ зэгухьэныгъэ инуи 1965 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтрагъэуващ. Цыхуэ мин 17 щылажьэ а Іэнатіэшхуэм и Іуэхур зыгъэпсыр Ахъуэхъу Анатолэт. Абы и унафэм щІэту, технологие Іэмэпсымэхэр, уэгум ягъэльэтэ спутникэм я приборхэр, хъыбархэр щызэхуагъакІуэ центрхэр, промышленнэ предприятэ инхэм я лажьыгъэр зэрауэнтІ программэ Іэмалхэр къыщІагъэкІыу зэграублащ. КІэщІу жьыпІэмэ, «Севкавэлектронмаш» зэгухьэныгъэр электроникэм лъэщу зыщиужьа къэралхэм я предприятэхэм ехьэехуэу лажьэрт.

Мы зэгухьэныгъэр и лъабжьэу, 1995 гъэм «Телемеханика» ОАО-р къыщызэрагъэпэщым, Ахъуэхъур абы и тхьэмадэу хахащ, «Севкавэлектронмаш»-м и щІэныгъэ-техникэ центрым и унафэщІ къалэнри ирихьэкІащ.

Анатолэ и гуащІэм пщІэшхуэ къыпэкІуащ: ВДНХ-м и Дыщэ, Дыжьын медалышхуэхэр къратащ, «РСФСР-м щІыхь зиІэ и машинэхуэр» цІэр къыфІащащ, СССР-м щІыхь зиІэ и радистщ, СССР-м приборхэр гъэхьэзырынымкІэ и отличникщ, РСФСР-м щІыхьэ егъэджэнымкІэ и отличникщ, Октябрь Революцэ, Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь, «ЩІыхьым и дамыгъэ», «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» орденхэр зэрехьэ. 1986 гъэм жэпуэгъэм и 10-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкіэ Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь цІэ лъапІэр къыфІащащ, Ленин орденри етІуанэу къратащ.

Цыхуэм и псэр ІуэхушхуэхэмкІэ псыхьамэ, и мурадхэр кьохъуІэ. Ахъуэхъу Анатолэ кьикІуа гъуэгуанэр цыху нэсым и щапхъэщ, лъэпкъым, республикэм я къуэпэкъым и лъапІэныгъэщ. Араща абы и цІэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм дыщэпскІэ щыхьатхар.

МЫСОСТ Алий.

Уэрэд зыхуаусыр

Зи лІыгъэкІэ, зи зэфІэкІкІэ, зи цІыхугъэкІэ Хэкум цІэрыІуэ щыхъу адыгэлІым пасэм щыгъуэ уэрэд хуаусырт, и цІэмрэ и щхьэмрэ яІэтырт. Апхуэдэ пщІэ лъагэ зылъагъэсахэм ящыщщ Тэрчокъуэ Къамболэт КІыщу и къуэр.

АР 1911 ГЪЭМ Хьэтуей къуаэжм къыщалъхуащ, я жьлэм щызэкІт «Шэкэр» колхозым и тхьэмадэу хахащ илъэс 28-рэ фІэкІа и мыныбжьу лэжьыгъэр зэтеувэ кьудейуэ Хэку заузыкуэр къыщыхьыйм, абы кІуэри, Лыгъэм и щапхъэ къигъэлъагъуэу бий ерум еэзуащ. КъиГъэзэжа нэужь, «Шэкэр» колхозым и унафэщІу хахыж, куэд дэмыкІыу Арщыдан МТС-м и Іэтащхьэ ящІ.

1954 гъэм партым и кьыхуеджэнигъэкІэ хозяйствэ кьыкІэрыхуэм - Арщыдан кьуаэжм Лениным и цІэр зэрихьэу щызэхэт колхозым яГъакІуэ. А Іэнатіэщ Іэм Къамболэт и зэфІэкІым зыкъыщызэкъуихащ: цІыхуэхэр зэщІэзыгъэуІуэф, зэзэгъэдэІуэф, мэкъумэш Іэнатіэр егупсысэуэ зыунэтІ кьызэгъэпэщакІуэ акъыпльфІэу зыкъигъэлъэгъуащ. Колхоз кьыкІэрыхуэр кьэІэтыжьыным къарушхуэ ирихьэлэрт. ЗэрызэпІэзэрытым, и псалъэр зэригъэпэжым, гупсысэ узынщэхэр кьызэрыбгъэдэкІым и пщІэм хигъахъуэрт. Мо лэжьакІуэшхуэм, унафэщІ ерыщым и Іуэху зехьэкІэр зылъагъу кьуаэждэсхэм я гур кьызэрыгъуэтыжырт, я кьарур зэрыуБыдыжьырт. Апхуэдэурэ колхоз дэхуэхар къиІэтыжащ, здэщыІа «Шэкэр» хозяйствэр кьызэринэкІащ. Илъэсипл Іи нэхъ дэмыкІыу, Тэрчокъуэм Арщыданыр къэрал утыкум иришащ, езыри СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат хуэщ, КПСС-м и ЦК-м и Пленум зыбжанэм, партым и съездищым хэтащ.

Хозяйствэри езы Къамболэти къэрал псом цІэрыІуэ щыхьуат. 60 гъэхэм Арщыданым гъавэу кьыщрахьэлІэм хуэди 5,3-кІэ, нартыхум хуэди 10,4-кІэ, я хьубжэм хуэди 4,2-кІэ, лыуэ ящэм хуэди 9-кІэ хэхъуат. А екъуІэныгъэхэм кьапэкІуэу Тэрчокъуэм Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь цІэ лъапІэр къыфІащащ, колхозхэт тІощІым щІигъум Хэкум и орден нэхъыщхьэхэр, медаль лъапІэхэр кьыхуагъэфащащ.

Зэтеувэжа, лъэ быдэкІэ ува хозяйствэм Іэщри и куэдт. И бохэм жэм гъэшыфІэу миным щІигъу щІэтт, махуэ кьэс шэ тонн мини 8 - 10-м нэблагъэ кьашырт.

Жылэм и псэуКІэр егъэфІэкІуэным гулъытэшхуэ хуищІырт. Колхозым и мылъкукІэ Щэнхабэзмкіэ унэ, курыт еджапІищ, сабий гъэсапІэ, сымаджэщ, псэупІэ унэ зыбжанэ, газ, псы кІуапІэхэр, гъуэгуэр иригъэщІащ, Іэщ псэуалъэхэр, гъавэ Іыхьпіпэхэр, псы хуманІэхэр иригъэхуащ. А псом хапэкІуэу, кьэралым и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэу щыІа Ленин орденыр хозяйствэм кьыхуаГъэфэщащ. НэхъыжьыкІуэхэм фІыуэ ящІэж колхозым дамыгъэ лъапІэр кьыщратыжа махуэр. Ар 1967 гъэм бадзэуэгъуэм и 13-рт. Абы иращІэкІыну гугъэгъуэ зэхьихьэшхуэм хэтын папщІэ, мэз лъапэм щыІэ «ШкІэщыщьэкъуэ» щІыпІэ дахэм деж республикэм и жылагъуэ псоми я лІыкІуэхэр жьыуэ щызэхьыхэрт. КъэпсэлъапІэу къагъэсэбэпын щхьэкІэ екІуу зэхагъэува автомашинэхэр гъэщІэрэщІат, колхозым и екъулІэныгъэхэр хьэрфышхуэкІэ зытетха транспарантхэр жьым дэбыбырт. ГуфІэгъуэм ирихьэлІат партым и обкомым и ялэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Тхьэмадэ Геттуев Магомет, Министрхэм я Советым и Унафэщ Ахъуэхъу Аслъэнбий, Осетие Ищхъэрэ АССР-м щыщ хьэщІэхэр, республикэм и гъавэгъэкІ, и Іэщыхьэу пашэхэр.

Геттуев Магомет СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Унафэм куэджэу Ленин орденыр хозяйствэм и бэракъым хилъхьа нэужь, колхозым и ялэ тхьэмадэу щыта, илъэс 80 зи ныбжь ТекІуэ Щу арщыдандэсхэмрэ хьэщІэхэмрэ мыпхуэдэу захуигъэзауэ щытащ:

- Нобэрей махуэр иджыри кьэс кьэспсэуам я нэхъ лъапІэщ. Си гущІэ куэд зыхсхьыа колхозым ди къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэр кьыхуагъэфащащ. Ар кьэзылэжьа ди кьуаэжгъуэм фІыщІэ ин яхуэощ икІи а пщІэм хуэфащуэ дяпэкІи ипэкІ дызэрыкІуэнур си фІыщ мэхъу.

Тэрчокъуэ Къамболэт зи пашэ гупышхуэр а нэхъыжьыфІым и псалъэм текІакъым, жьлэри республикэри яГъэгуфІэу я екъулІэныгъэхэр нэхъри щІагъэбыдащ. Абы и щыхьэтщ союзпсо, урысейпсо семинар-зэІущІэхэр я деж щрагъэкІуэкІыу зэрыщытар. Къэбэрдей-Балъкъэрым кьакІуэ хьэщІэ Іпапіэхэр арыдандэсхэм яхуеблагъэрт, хэгъэрейхэм я зэфІэкІымрэ я ІуэхущІафэмрэ иригушхуэу зэІэпахырт.

- ЩІыр зыхуэжмартыр абы хьэлэлу бгъэдэтхэрщ. Фепльэт ди хьэсэхэм гухэхъуэу зэрызаужьым. Ар ди цІыхуэхэм я Іэрыкіщ, щІым кьытхуищІ тыгъэщ. Ерыскъы зимыІэм и дыщэр пудщ, и щхьэри лъагэу хуэлъагъужьнукъым. Мис ар ди мэкъумэшыщІэхэм фІыуэ я кьагуроІуэ, - яжриІэрт Къамболэт хьэщІэхэм.

Тэрчокъуэр колхозым и тхьэмадэфІ кьудейтэкъым, атІэ икІи кьэрал лэжьакІуэшхуэт, цІыху Гъуэзэджэт, кьызэгъэпэщакІуэ нэст. Сыт и лъэныкъуэкІи зыхуэткІиижт, и гущІэ псори Іуэхум иритырт.

Тэрчокъуэ Къамболэт профессортхэм, уеблэмэ, курыт щІэныгъэ нэгъэса иІэтхэм. Ауэ губзыгъэт, Іущт, псом ящхьэрауэ, и кьалэным хуэпэжт, гурэ псэкІэ бгъэдэтт. Дауэ абы уи щхьэр зэрыхуумыгъэщхьынур, и фэеплъ нэхум пщІэ зэрыхуумыщІынур! И пщІэри, и фэеплъри лъапІэщ. ЛъапІэщ мы гъащІэм кьыщигъэна лъэужьри! - жиІэращ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и ялэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ Къамболэт хуэгъэзауэ.

НэхъыфІуи пхужьІэнтэкъым.

АРУАН Алий.

● Бахъсэн щІыналъэ

Пщэрылъхэр зэрагъэзащІэр къапщытэ

КъБР-м ЗАГС-мкІэ и Іуэхущіапіэм деж щыІэ Жылагъуэ советым и зэІущІэ Бахъсэн щІыналъэм и администрацэм щызэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ Жылагъуэ советым и унафэщІым и къуэдзэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ.

ЗЭХЬІХЬЭМ хэтащ КъБР-м и ЗАГС Іуэхущіапіэм и Іэтащхьэ **Піаз Юлие**, Урысей Федерацэм и юристхэм я зегухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и аппаратым и унафэщІ **Тенджыз Жаннэ**, Налшык дзт «Къалэ поликлиникэ №1» ГБУЗ-м и дохутыр нэхъыщхьэ **Къаскъул Іэулиат**, Бахъсэн район администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Іэхъуэбэч Андзор**, къалэ округэмрэ муниципальнэ щІыналъэхэмрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ я Іуэхущіапіэхэм я ЗАГС къудамэхэм я унафэщІхэмрэ Іэщіагъэлілхэмрэ.

Граждан щытыкІэм и актхэр къэралым итхыныкІэ щІыпІэ унафэр зезыГъакІуэ Іуэхущіапіэхэм я къалэнхэр (полномочиехэр) зэрагъэзащІэм Іэгуэтлъыным теуха пщэрылъхэм КъБР-м и ЗАГС Іэнатіэр зэрехьулІэр Піаз Юлие зэпкърихащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкІэ, къапщытэр къэрал Іуэхуэхьэзэхэм я пщалъэхэмрэ лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкІэмрэ зыхуэдэрщ. Муниципальнэ щІыналъэхэм я щІыпІэ администрацэхэм дежкІэ нэхъ гугъуэсыгъуэ ЗАГС-м и кьудамэхэм хэщІапІэ тэмэм кьахудэхыныфщ. Кьудамэ 13-м ящыщу унэ щхьэхуэ зиІэр Налшык, Прохладнэ кьалэхэм, Шэрэдж, Аруан щІыналъэхэм я закъуэщ, адрейхэр Щэнхабэзмкіэ унэхэм щолажьэ. Граждан щытыкІэм и актхэр къэралым итхыным и Іуэхум кьыбарегъащІэ, телекоммуникацІэ технологиехэр къызэрыщагъэсэбэпым зыхуэей хьыбархэр къызэралъытэуэ щІыпІэхэр организацэхэмрэ хуащІэ къэрал Іуэхутхьебзэхэм я фІагъым хигъэхъуащ, нэхъ зэІуха ищІащ.

НэгъуэщІ къэрал цІыхуэхэр зыхэт граждан щытыкІэм и актхэр тхыныр КъБР-м и ЗАГС-м и хэщІапІэхэм кьызэрызэрагъэпэщым зэхуэсахэр хигъэгъуэзащ а Іуэхущіапіэм и къудамэм и унафэщІ **Балакшинэ Иннэ**. Урысейм рэ хамэ къэралхэмрэ я цІыхуэ зэрышэхэр иужьрей илъэсхэм хэпщІыкІыу хохъуэ.

- 2009 гъэ лъандэрэ абыхэм я бжыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым процент 40-м нэскІэ щызэхъуащ, - къигъэлъэгъуащ Балакшинэ Иннэ.

Абы зэрыжиІамкІэ, нэчыхь нэхъыбэ зыхуатхыр СНГ-м (Азербайджаным, Украинэм, Армением, Узбекистаным, Таджикистаным, Кыргызыстаным, Молдовэм, Къззахстаным,) хьыхь къэралхэм щыщхэрщ. Тыркум, Сирием, Германием, Афганистаным, Иорданием, Израилым я щІыхьэхэр абыхэм я кьакІэрыхурхьым. Бельгием, Ираным, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Эстоием, Швецием, Польшэм, Канадэм, Аргентинэм щыщу нэчыхь зыхуатхыр зэкъуэтІакъуэщ.

Зэхьхьэм щагъэнэІуащ КъБР-м и ЗАГС Іуэхущіапіэм и къэрал гражданкІэ кьулыкъущІэхэмрэ щІыхьэмрэ корупцэ хьэгъэщагъэхэм папщІэ яхь жэуапыр зыхуэдэр.

ЗэІущІэм куууэ щытепсэльыхьащ нобэрей щІалэгъуалэм я унагъуэ Іпапіэныгъэхэр хьэмэныр пыща Іуэхухэм, ахэр дэІыныным кІэ лэжьыпхъэхэм. 2009 - 2014 гъэхэм кьриубыдэу республикэм и ЗАГС-м и кьудамэхэм абы теухуа Іуэхугъуэу щитхум щІигъу ирагъэкІуэкІащ.

ЩІыналъэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Іэхъуэбэч Андзор Жылагъуэ советым хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ икІи щІыпІэ администрацэмрэ самоуправленэмрэ ЗАГС-м и Іэнатіэхэм ядэлэжьэну зэрыхьэзырыр къыхигъэщащ.

Зыхэплъа Іуэхугъуэхэм ятеуауэ зыхуэфащэ унафэхэр зэІущІэм къыщащтащ.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэм и унафэщІ.

● Налшык

Хабзэм къезэгъыркъым

Хуабэ зэрыхъуу, хуит ямыщІа ерыскъы щапІэхэр Налшык куэду къыщоунэху. Ар хабзэм къезэгъыркъым. Нэхъыкіэращи, санитарием и мардэхэмрэ и пщалъэхэмрэ елІапІэрыкьым, сатум и хабзэхэр къызэпауд, ар зэхэтхъуауэ ирагъэкІуэкІ. Ерыскъыхэкіэхэр фІейм хэлъщ, щІыкъэр, Іэнэ Іэрыщ щыкІуэр, тхьилъмпІэ тхуантэ гуэрхэр телъхьэпІэ папщІэу къагъэсэбэп. Апхуэдэ щІыкІэкІэ уэрамхэр яуцІэпІ, пхъэнкІийр зэтрагъэхьэ, къалэр теплъаджэ ящІ, а псор цІыхуэхэм я узынщагъэм зэран хуохьу. Хуит ямыщІа сату щІыпІэхэм ущыщэхуэну дзыхьщІыгъуэджэщ, ерыскъы зэкІуэкІам уз къыхэпхыным хуэІуа щыІэкъым. псом хуэмыдэу , щыхуабэ зэманым. КъищынэмыщІауэ, лъэс зекІуапІэхэр яубыдащи, щІыхуэхэр щызэблэкІыфыркъым.

НАЛШЫК къалэ округым и щІыпІэ администрацэм потребительскэ рынокымкІэ, хьэрычэтыщІэ Іуэхуэр дэІыгъыныр мэкъумэш хозяйствэмкІэ и кьудамэм, хабзэхьумэ Іэнатіэхэр ящІыгъуу, ерыскъы, хьэпшып щапІэхэр зэпымыууэ кьапщытэ, хуимыту сату зыщІхэр кьахутэ, административнэ жэуапым ирашалІэ. Кьапщтэмэ, законодательствам зэрыжиІэм тету, апхуэдэ щІыхуэхэм сом миным щегъэжьауэ минищым нэскІэ, кьулыкъущІэхэм сом минищым кьыщыщІэдзауэ минитхум нэблагъэкІэ, Іуэхущіапіэхэм сом мин щэщІым щегъэжьауэ мин тхущІым нэскІэ йотхьэкъу. ЕтІуанэу кьыщІэхуэ щІыхуэхэм сом мини 3-5, кьулыкъущІэхэм сом мини 5 - 10 ирагъэпшын.

Административнэ тезырхэм кьадэкІуэу, кьалэм щагъэкІуэкІ розницэ сату мыиным и кьыдзэгъэпэщакІэм, а щІыпІэр зэрыщІэм хагъэгъуазэ, ягъэува хабзэр кьыдзэпызыудхэм яхь административнэ жэуапыр зыхуэдэр гурагъаІуэ.

- Эрэмым тесхэм я зэхуэдитІыр павильонхэм ерыскъы щапІэ щызиІэ хэрычэтыщІэщ. Бззэр щІыб сатуущІхэм налог ятыну хуейкъым. ЩэрычэтыщІэхэм аэр я хьэрхуэрэгъуу кьалъытэ икІи, уасэхэм зэрыкІэрагъэхум щхьэкІэ, я щэхуакІуэхэр кьытрахьу жаІэ. Ауэ ар псоми я зэхуэдэ хабзэщ. Кьиммыдэкіэ, ящщм и фІагъым щэн кьытрамыхьэн хуэдэу, бззэрыр кьабзэу зехьэн хуейщ. Я хадэм кьрахьр щащэн щхьэкІэ, сату щІыпІэ кІэызыхуэмыщтхэр Абхъазым и цІэр зезыхьэ утыкум зыгъэпсэхуГуэ махуэхэм щрагъэкІуэкІ жармыкІэм хэт хъунущ,- жеІэ Налшык къалэм и округым и щІыпІэ администрацэм потребительскэ рынокымкІэ, хьэрычэтыщІэ Іуэхуэр дэІыгъыныр мэкъумэш хозяйствэмкІэ и кьудамэм и унафэщІым.

Ауэ, хуитму сату зыщІхэм я деж щыщэхуэныр кьамыгъанэмэ, щытыкІэм тыншу зыпхуеГъэхъуэжьныкъым. Абы къыхэкІыу, щІыпІэ администрацэм налшыкдэсхэмрэ кьалэм и хьэщІхэмрэ лъэІукІэ захуегъаз зыхуэдэмрэ я фІагъымрэ мыбелджылы ерыскъыхэкІхэр гъуэгубгъуэхэм кьыщамыщэхуну,тыншу догъуэт, зэман кьытхудохуэ жаІэу, езыхэмэ, я унагъуэм щыщхэми я узынщагъэм зэран хуэмыхьужьнхэру.

Налшык кьалэм кьемызэгъэпыу сату щащІу фрихьэлІэмэ, полицэм и лэжьакІуэхэм захуэзгъаз, апхуэдэу щІыпІэ администрацэм затумрэ ІуэхутхьебзэхэмкІэ и кьудамэм **42-24-88, 42-55-62** телефонхэмкІэ фыпсалъэ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакІуэ (XII лІэщІыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лІыхъужь

Ээзыдзэкіар БЕР Хьэбалэщ

(КІэлъыкІуэр.
ПэщІэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 146, 149, 153, 155, 158-хэм итщ).

ЩІэупщІакІуэ къыхуэкІуахэм Іуощ Іэ тепщэр, гъыбзэ жиІэу:
«Фепльыт, дыгъэр зэрыфагъуэм, къызэрепсым щІыІэ-щІыІэу.
Сыт етщІат абы къуаншагъэу, сыт щІежьар ар, дигъэгуІэу?
Иджы хэт дээм щхьэщытынур апхуэдэлІу, лІыгъэ иІэу?»

Гъахэщ куздрэ зафыщІыжу, икІэм нэпсыр тІэкІу щагъэтыр.
Тепщэм: «Абы иІэ хамэ гъуэ... Дауэ Іуэхур зэрыщытыр?»
Шермадин шынапэу щІохьэ, къытегуплІэу Іуэху зыхэтір,
Ирет хъыжьэу щыс пащтыхьым Автандил ищІа уэсятыр.

«И гъуэлъыпІэм игуэшауэ мыхэр ильу къэзгъуэтащ.
Зэхэтщ пщылІхэр гуауэщхьэуэу, къэхъуар я гум щІыхьэпащ.
Жыыми щІэши щІри, и щхьэзакъуэу ар екІащ.
Ажалщ нобэ сэ схуэфащэр, - гъащІэр сэркІэ хьэрэм хъуащ!»

Къеджэн тхыбзэм зэраухыу, щІадзэжауэ гъыбзэр мэІу.
Тепщэм жеІэ: «Щевгъэх си дээм, зыщыгъ къэтмэ щыгъын екІу.
Зэхуэфщэ тхьэмыщкІэу щы Іэр, Тхьэшхуэм ахэр хуевгъэлъэІу,
Къыщысхьыну си лІыхъужьым, хуимышэну ар бэІутІэІу».

XXXV
Тариэл хуэзэну Автандил етІуанэу зэрежьар

Мэлыд мазэр нэхъри нуру, дыгъэм ар пэщІэкІуэтыху,
Ауэ мэхъу идз нурыр махэ, дыгъэм ар гъунэгъу хуэхъуху.
Розэр гъагъэркъым дыгъэншэу, гъэгъэн папщІэ хуейщ ар нэху.
И гур хощІ фІыуэ зылъагъум, гу зыхуищІым пэІэщІэху.

Иджы сэ дэскІунщ гъуэгуанэр ди лІыхъужьым, иужь ситу.
ХощІыр и гур абы, сощІэ, - макІуэр нэпсыр нэгум щІэту.
ЙолъэІу дыгъэм ар, щІымычэу, къыхуепсыну хъыщыту,
КъыфІилъэту щІедэ и гум, къытемыпсэм дыгъэр хуиту.

Гукъеныуэу и гум щыщІэм и акъылыр къыхигъащІэу,
Тигр псышхуэм хуэдэу уэру щІигъэж нэпсхэри фІэмащІэу,
ШхуэІур хуиту иутІыпщами, зыдэкІуапхъэр къыхуэмыщІэу,
Губгъуэ нэщІым итщ лІыхъужьыр, зы псэущхьэми ІумыщІэу.

ЖеІэ: «Хэтми, уэ ппэІэщІэр, и хьэдагъэу кІуэнщ псэухукІэ!
Иэот си гур си ныбжьэгъум, си акъылыр ей щыхъуакІэ.
ЩІэзу щытми нэпсыр гуащІэу, нэр щреІэ щІасэм дежкІэ.
Мэхъу и гуапэ фІыу зылъагъум, фІыу илъагъур хьэщыкъ хъухукІэ.

Хьэуэ! Куэдрэ сэ схуэхьынкъым сыпэІэщІэу псэм и щІасэм!
Хэссэжьынт сэр мы си гущхьэм, ар хуэхьыну сщІатэм уи псэм.
Ауэ ари есщІэфынкъым дыгъэ нуру сэ къытепсэм,
Абы нэхърэ нэхъыфІщ сыгъмэ, игъэнщІыхукІэ си гур нэпсым».

Магъ зэщыджэу: «Щабзэ хъушэм си гум мэзу зыхасаи!
Си напІитІыр, схуэмыІэту, нэпс шыугъэм зэщІишхаи!
Налкъут мыщІэу нэ пащитІым зэ Іуплъэгъум салыщІаи,
Іупэм, набдзэхэм, щхьэцыгъуэм сыдахьэхри гъэр сащІаи».

ЖеІэ: «Дыгъэ, удимыІэм, хэт тхуищІынт дэ гъащІэр ІэфІ?
Зыгъэнэхур уэрщ ди щІылъэр, убгъэдэлъщ уэ къарууфІ.
Ухуей закъуэм, зы дакъикъэм вагъуэу щыІэр пхуэщІынщ кІыфІ,
СыІугъапльэт си псэ закъуэм, зэ къигъэкІи уи гурыфІ!

Ижь-ижьыжым Тхьэм упащІу ди лІэщІыгъуэм укъэсащ,
СхуэгъэпсынщІэт тІэкІу стелъ хьэльэр, Іэхъульэхъу зэвхэм сахузащ.
Сылъыхъуащ сэ налкъут щыгъэм, ауэ нэхур кІыфІ сфІэхъуащ,
ХэщІыртт си гур ар щысльагъуми, иджы нэхъри бампІэ хъуащ».

МэткІу лІыхъужьыр дагъэ ткІукІэу, насыпыншэу зелъытэж.
«ХэзгъэтІасэм», - жиІэу шынэу, щІэлъ гъуэгуанэр псынщІэу еж.
Жэщ къытохъуэ, зэхьэзэхуэу уафэм вагъуэр щызэблож,
Ахэр ещІ псэльэгъу, и пщащэм еІущащэ къыфІощІыж:

ЖеІэ: «Мазэ, пэжу жыІэт, щыхьэт къэщІи уи Алыхыр:
Уэращ, дауи, хьэщыкъ хъуахэм я гукъеуэр хьахуэзыхыр,
ИкІи уэрщ къезыгъэлыфыр лъагъуныгъэ гуащІэм ихьыр,
Сыгъэльагъут, нэху тІэкІу тедзи, гъэру гъащІэр сэзыгъэхъым».

Махуэм жэщ хъуху и хьэдагъэщ, жэщ зэрыхъуу зыкъещІэж.
Псыхъуэм дохьэ, къопсых и шым, псынэ щІыІэр мэзым щІож.
Іусщ псы Іуфэм нэщхъей дыдэу, уэру нэпсыр къыфІыщІож.
Хахуэм ищІэркъым къэувыІэ. Мэшэсыжри шым, йожьэж.

ЛІы хуэдэлІу ар лІыхъужьми, и нэм нэпсыр щІэзщ къекІуауэ,
КъеукІ бжэн бгы лъапэм щІэту, ар егъажьэ, жьэгу ищІауэ.
ТІэкІу йодзакъэри йожьэжьыр, и гур гуауэм пхиудаэ,
ЖеІэ: «Розэр ицпхъау губгъуэм, сохь епэрхэр, къэсщыпауэ».

А лІыхъужьым ищІа псори иджыпсту схуэІуэтэжьнкъым,
АкъылыфІэу къыпсэлъари и гъыкІари вжеСІэфынкъым.
Розэ плъыжьыр уэсым хэлъкІэ лъы лъэужь къытриранжкъым,
Ар зэплъэкІмэ, къелъагъу ІупщІу бгъуэнщІагъ унэр, ар къэпцІакъым.

Сурэтыр **Кобуладзе Серго** *ищІащ.*

(КІэлъыкІуэр.
ПэщІэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 146, 149, 153, 155, 158-хэм итщ).

ЩІэупщІакІуэ къыхуэкІуахэм Іуощ Іэ тепщэр, гъыбзэ жиІэу:
«Фепльыт, дыгъэр зэрыфагъуэм, къызэрепсым щІыІэ-щІыІэу.
Сыт етщІат абы къуаншагъэу, сыт щІежьар ар, дигъэгуІэу?
Иджы хэт дээм щхьэщытынур апхуэдэлІу, лІыгъэ иІэу?»

Гъахэщ куздрэ зафыщІыжу, икІэм нэпсыр тІэкІу щагъэтыр.
Тепщэм: «Абы иІэ хамэ гъуэ... Дауэ Іуэхур зэрыщытыр?»
Шермадин шынапэу щІохьэ, къытегуплІэу Іуэху зыхэтір,
Ирет хъыжьэу щыс пащтыхьым Автандил ищІа уэсятыр.

«И гъуэлъыпІэм игуэшауэ мыхэр ильу къэзгъуэтащ.
Зэхэтщ пщылІхэр гуауэщхьэуэу, къэхъуар я гум щІыхьэпащ.
Жыыми щІэши щІри, и щхьэзакъуэу ар екІащ.
Ажалщ нобэ сэ схуэфащэр, - гъащІэр сэркІэ хьэрэм хъуащ!»

Къеджэн тхыбзэм зэраухыу, щІадзэжауэ гъыбзэр мэІу.
Тепщэм жеІэ: «Щевгъэх си дээм, зыщыгъ къэтмэ щыгъын екІу.
Зэхуэфщэ тхьэмыщкІэу щы Іэр, Тхьэшхуэм ахэр хуевгъэлъэІу,
Къыщысхьыну си лІыхъужьым, хуимышэну ар бэІутІэІу».

XXXV
Тариэл хуэзэну Автандил етІуанэу зэрежьар

Мэлыд мазэр нэхъри нуру, дыгъэм ар пэщІэкІуэтыху,
Ауэ мэхъу идз нурыр махэ, дыгъэм ар гъунэгъу хуэхъуху.
Розэр гъагъэркъым дыгъэншэу, гъэгъэн папщІэ хуейщ ар нэху.
И гур хощІ фІыуэ зылъагъум, гу зыхуищІым пэІэщІэху.

Иджы сэ дэскІунщ гъуэгуанэр ди лІыхъужьым, иужь ситу.
ХощІыр и гур абы, сощІэ, - макІуэр нэпсыр нэгум щІэту.
ЙолъэІу дыгъэм ар, щІымычэу, къыхуепсыну хъыщыту,
КъыфІилъэту щІедэ и гум, къытемыпсэм дыгъэр хуиту.

Гукъеныуэу и гум щыщІэм и акъылыр къыхигъащІэу,
Тигр псышхуэм хуэдэу уэру щІигъэж нэпсхэри фІэмащІэу,
ШхуэІур хуиту иутІыпщами, зыдэкІуапхъэр къыхуэмыщІэу,
Губгъуэ нэщІым итщ лІыхъужьыр, зы псэущхьэми ІумыщІэу.

ЖеІэ: «Хэтми, уэ ппэІэщІэр, и хьэдагъэу кІуэнщ псэухукІэ!
Иэот си гур си ныбжьэгъум, си акъылыр ей щыхъуакІэ.
ЩІэзу щытми нэпсыр гуащІэу, нэр щреІэ щІасэм дежкІэ.
Мэхъу и гуапэ фІыу зылъагъум, фІыу илъагъур хьэщыкъ хъухукІэ.

Хьэуэ! Куэдрэ сэ схуэхьынкъым сыпэІэщІэу псэм и щІасэм!
Хэссэжьынт сэр мы си гущхьэм, ар хуэхьыну сщІатэм уи псэм.
Ауэ ари есщІэфынкъым дыгъэ нуру сэ къытепсэм,
Абы нэхърэ нэхъыфІщ сыгъмэ, игъэнщІыхукІэ си гур нэпсым».

Магъ зэщыджэу: «Щабзэ хъушэм си гум мэзу зыхасаи!
Си напІитІыр, схуэмыІэту, нэпс шыугъэм зэщІишхаи!
Налкъут мыщІэу нэ пащитІым зэ Іуплъэгъум салыщІаи,
Іупэм, набдзэхэм, щхьэцыгъуэм сыдахьэхри гъэр сащІаи».

ЖеІэ: «Дыгъэ, удимыІэм, хэт тхуищІынт дэ гъащІэр ІэфІ?
Зыгъэнэхур уэрщ ди щІылъэр, убгъэдэлъщ уэ къарууфІ.
Ухуей закъуэм, зы дакъикъэм вагъуэу щыІэр пхуэщІынщ кІыфІ,
СыІугъапльэт си псэ закъуэм, зэ къигъэкІи уи гурыфІ!

Ижь-ижьыжым Тхьэм упащІу ди лІэщІыгъуэм укъэсащ,
СхуэгъэпсынщІэт тІэкІу стелъ хьэльэр, Іэхъульэхъу зэвхэм сахузащ.
Сылъыхъуащ сэ налкъут щыгъэм, ауэ нэхур кІыфІ сфІэхъуащ,
ХэщІыртт си гур ар щысльагъуми, иджы нэхъри бампІэ хъуащ».

МэткІу лІыхъужьыр дагъэ ткІукІэу, насыпыншэу зелъытэж.
«ХэзгъэтІасэм», - жиІэу шынэу, щІэлъ гъуэгуанэр псынщІэу еж.
Жэщ къытохъуэ, зэхьэзэхуэу уафэм вагъуэр щызэблож,
Ахэр ещІ псэльэгъу, и пщащэм еІущащэ къыфІощІыж:

ЖеІэ: «Мазэ, пэжу жыІэт, щыхьэт къэщІи уи Алыхыр:
Уэращ, дауи, хьэщыкъ хъуахэм я гукъеуэр хьахуэзыхыр,
ИкІи уэрщ къезыгъэлыфыр лъагъуныгъэ гуащІэм ихьыр,
Сыгъэльагъут, нэху тІэкІу тедзи, гъэру гъащІэр сэзыгъэхъым».

Махуэм жэщ хъуху и хьэдагъэщ, жэщ зэрыхъуу зыкъещІэж.
Псыхъуэм дохьэ, къопсых и шым, псынэ щІыІэр мэзым щІож.
Іусщ псы Іуфэм нэщхъей дыдэу, уэру нэпсыр къыфІыщІож.
Хахуэм ищІэркъым къэувыІэ. Мэшэсыжри шым, йожьэж.

ЛІы хуэдэлІу ар лІыхъужьми, и нэм нэпсыр щІэзщ къекІуауэ,
КъеукІ бжэн бгы лъапэм щІэту, ар егъажьэ, жьэгу ищІауэ.
ТІэкІу йодзакъэри йожьэжьыр, и гур гуауэм пхиудаэ,
�жеІэ: «Розэр ицпхъау губгъуэм, сохь епэрхэр, къэсщыпауэ».

А лІыхъужьым ищІа псори иджыпсту схуэІуэтэжьнкъым,
АкъылыфІэу къыпсэлъари и гъыкІари вжеСІэфынкъым.
Розэ плъыжьыр уэсым хэлъкІэ лъы лъэужь къытриранжкъым,
Ар зэплъэкІмэ, къелъагъу ІупщІу бгъуэнщІагъ унэр, ар къэпцІакъым.

ИгъэщІагъуэу, фІэтелъыджэу къыпожажьэ Асмат хьэщІэм,
ГуфІэщащи, и нэпситІыр къыфІыщІожьыр псэ гумащІэм.
Автандил, къопсыхри и шым, Іэплі щабэ хуещІыр пщащэм:
«Гурэ псэкІэ щытфІэІэфІкІэ, къишэнщ гуапэ ди зэІущІэм».

Автандил йоупщІыр пщащэм: «ЩІэс нэхъыжьыр? Дау щыт ар?»
Къыщеудри магъ щІыхъбзыр, хуэмыубыду нэпс къекІуар.
Жэуап къетыр: «Уэ уежьэжри, щІидзащ зэшу. Щысынт ар?
ІуэрыІуатэу е тхылъ кІапэу къысхуэкІуакъым и хъыбар».

Автандил ар щызэхихым, и гум щІохьэ къыщыщІар.
ЖеІэ: «Хьэуэ, си шыпхъушхуэ, губзыгъагъэкъым ищІар.
Ита псальэм епцІыжыну арат-тІэ, тхьэ щІиІуэгъар?
Ежьэжащ тІэкІу къыспэмыплъэу, пщІэншэ сщищІри
гъуэгу къэскІуар.

Сэ къысщыхъурт щы щымыщу ар сщІымыгъуэу къэзгъэщІар,
Щхьэ сихун хуея сэ и гум? Сыту пІэрэ къыщыщІар?
Алыхьталэр ди щыхьэту зэтта псальэм сыт щІепщІар?
Шэч хэмыльэу, «бзаджэнаджэщ» абы зэран къыхуэхъуар».

Асмат жеІэ: «Хъуащ уи жагъуэ ар... Къуаншагъэ убгъэдэлъкъым.
ЩІыт уи фІэщ мы ныбжесІэнур - сэ хьилагъэ лъэпкъ сигу илъкъым:
Акъыл зиІэу цІыху зэтесыр жиІа псальэм епцІыжынкъым,
Акъылыншэ хуащІу си дэлъхур, телъ бэлыхьым ар къелынкъым.

ЦІыху акъылри, цІыху хьэл-щэнри, гупсысэнри зэщІыгъущ псори.
ЦІыху акъылыр кІуэмэ зымкІэ, итщ и хуэым адрей тІури.
ЦІыху хэмыхьэрщ акъылыншэр, илъагъу хъуркъым абы зыри,
Ар сыт хуэдэ мафІэм исми пщІэркъым ІупщІу уэ иджыри.

Уэ узахуэщ укъэгубжьми, Іэщ Іыб къуэшым ущищІакІэ,
Ауэ мысэ ар схуэщІынкъым и фэм дэкІыр сэ щысльагъукІэ.
МафІэ лыгъэр къыщІэнами, жэуап къытырыкъым, уеупщІкІэ,
Кьочэ си гур, хуэмышэчу, телъ хьэзабым ихузыхукІэ.

ЩыІэ хъункъым цІыху апхуэдэу гуауэ щІыІэр зышэчыф.
Гуауэм, цІыхум и мызакъуэу, мывэ жари кьегъэчэф.
Абы нэпсу иркъуэкІым фІыуэ къол, имыщІу нэф.
Пэжщ уэ жьыпІэр - хамэ Іуэхум жьакІэ хэти польэщыф.

СеупщІат абы мыпхуэдэу, ар щыдэкІым мафІэм ису:
«Автандил сыт нэхъ жесІэнур кьигъэзэжмэ удэмысу?»
КъызжиІащ: «Си Іуэху зытетыр къищІэнщ езым къызэрысу.
СыІукІынукъым сэ жьыкъэ, сІыгъщ ста псальэр си нэмысу.

Тхьэ щысІуакІэ ЗинааркІэ, стакъым псальэ сэ щІы супсу.
Сшэчынщ сытри сыІущІэхукІэ, щІэзгъэкІами щыІэр нэпсу.
СылІау ІущІэмэ си хьэдэм, ирегъ хьэдэм къыбгъурысу.
Сыпсэум - фІыу ирегъэщІагъуэ, къэзгъэщІ гъащІэр мафІэм сису».

Абы лъандэм бгы аузым къыдэпсакъым дыгъэ кІапэ,
СогъэнщІ нэпскІэ бгъуэнщІагъ нэщІыр къысхуимыхуэу махуэ гуапэ.
Гуауэр, бампІэр, нэщхъеягъуэр иту макІуэр сэ сияпэ,
Ажал дыдэм сыкъидэжкъым, - ар си дежкІэ сыткІэ щхьэпэ?

Китайм ябгхэм псальэ Іущу тратхауэ тетщ мыпхуэдэу:
«Ныбжьэгъу пэж мылъыхъуэ цІыхур зоижьыж езыр, гу быдэу».
Мэхуэлэжьыр уи ныбжьэгъур гъэгъа розэм цытар хуэдэу,
Уэ пхуэдэлІым и лъэужьым нэхъыфІщ техьи, умышхьдэу».

ЛІыхъум жеІэ: «Хей сыпщІыну ухэмытыт, шыпхъу, лейщ ар!
Сэ сыгъэрми, гъэрым си гур уэ уолъагъур зэрестар.
Псы ткІуэпс лъыхъуэ щыхьым ещхьу, сэ гъуэгу мащІэкъым къэскІуар,
Іэщ Іыб сщІыуэ унэр, лъапсэр, си ныбжьэгъущ сыкъыщІежьар.

Лъагъуныгъэ ІэфІым сэри гу щызмыхуэу сыкъежьащ.
Дыгъэ къепсу псэм и щІасэр ныбжьэгъу щхьэкІэ ІэщІыб сщІащ.
НэхъыжьыфІхэм язмыгъащІэу, сэ фи гъуэгу сыкъытехьащ.
ПщІэ къыскъуащІым и жэуапу я гум уэсу сытесащ.

Дунейр екІуу зыгъэбжьыфІэу си гъэсакІуэу гъащІэм екІур,
ФІыгъуэу щыІэр къыскхуэзыщІэу сиІэр адэу - дыгъэ нэкІур
Сыкъежьащ сэ къызэзнэкІри, хуэсщІри пшагъуэ гъащІэ тІэкІур.
Къыскхуэхъункъым сэ Тхьэр телъхьэ къыскхуигъэгъуэ сщІа емыкІур.

Тариэл сэ ныбжьэгъу сщІати, зызогъэхь гугъу - уолъагъупэр.
Махуи жэщи лъэрытету сыкъэкІуащ, згъэпэжу псальэр.
Ауэ мафІэм щІисыр си гур, ежьэжащ, къэмысу пІалъэр.
Сэри пщІэншэу гугъу сехьауэ, схуэхъащ гъыпІэ и бжэІупэр.

Абдеж, шыпхъу, соух си псальэр, сыт дыпсалъэкІэ дэ пщІэншэу.
СыщІегъуэжьркъым злэжьамкІэ, - зыри сщІакъым акъылыншэу.
Къэзгъуэтынщ, сежьэнщи, ЛІыхъур, е сылІэнщ сэ сылІыгъэншэу.
Сыт и лажьэ Тхьэм, емынэм ар къыдищІэм гущІэгъуншэу?

Ахэр жеІэри йожьэжьр, гуауэр и гум техьэлъауэ.
КІуэцІрокІри мылыф щІынэм йохьэ губгъуэм псым икІауэ.
Къытрехуэр уэсапс розэм, жьапщэр бгыщхьэм кьебжкъуауэ.
«Слъагъужьыну пІэрэ, - жеІэ, - сшэч бэлыхьэр сщхьэщыкІауэ».

Ди Тхьэ! Сыт уэсщІар апхуэдэу, сыт Іумпэм уэ сыкъыщІэпщІыр?
ПщІауэ ныбжьэгъур спэІэщІэ, сыт си гъащІэр кІыфІ щІысхуэпщІыр?
Сесыр мафІэм щІыхуитІ щхьэкІэ, а тІурщ си гур хэзыгъэщІыр.
Срежэх хуейм щІыкъатиблкІэ! ГъащІэ сытми сэ къэзгъэщІыр?

КъиуІащ ныбжьэгъум си гур, гъэгъа розэр Іэщэ ищІри,
ЩызгъэзащІэм си хьалэныр, ежьэжащ ар, жиІам текІри.
Псэууэ ар сымыльагъужмэ, си гуфІэгъуэр кІуэдащ, бзэхри.
СимыІэжмэ ар ныбжьэгъуу, сэ нэгъуэщІ сыхуейкъым зыри.

СогъэщІагъуэ акъылыфІэу псальэ цІыхур щынэщхьейкІэ.
СыткІэ хуэхъурэ сэбэп нэпсыр нэщхъеягъуэм, зэран фІэкІкІэ?
ХуэсщІынщ кІуапІэ сэ гъуэгу пэжыр, хуэзгъуэтынщи бгъэдыхьэкІэ.
Къэзгъуэтыжьыфынщ си дыгъэр, сылъыхъуэнщи зэрыслъэкІкІэ.

Пещэр адкІэ и гъуэгуанэм, хуэмыІэту и щхьэр хуиту.
ЕкІу махуихым ауз кІыхьыр, жэщи махуи лъэрытету.
Губгъуэм йохьэри зеплъыхьыр, мэкІий, маджэ, мэзым щІэту.
Щимыгъуэтым, къызэщІопльэ, гум бэуапІэ къримыту.

ЖеІэ: «Ди Тхьэ, сыт си лажьэр? Апхуэдизу сыт уэсщІар?
Хьэльэу щыІэр сэ къыстеплъхьэу, сыт си гъащІэр гын щІэпщІар?
Си суд щыпщІэм, уигу къысщІэгъуу, нэхъ щабэІуэу щІумыщІар?
Ухуейм, схуэщІи кІэщІ си гъащІэр, нэзгъэгъэ кІэм мурад сщІар».

XXXVI
Автандил Тариэл и акъылыр утхъуауэ къегъуэтыж

МакІуэ лІыхъур и хьэдагъэу, ІэфІ и гущхьэм темылъыж,
Бгым еплъыхмэ, бгы аузыр зэм кІыфІ мэхъур, нэху мэхъуж.
Кьелъагъу аддэ, шы къарапщІэр чыцэм хэту - къецІыхуж.
«Тариэлщ ар, щІы хэмылъу», - жиІэу и псэр къыхохьэж.

ГуфІэщауэ йоплъы хахуэр, дыгъэм лъагэу зеІэтыж,
Гуауэм гуапэкІэ зехьэуэжри, нэжэгужэ ар къохуьж.
Теплъэ фагъуэр тхъуэплъ мэхъужри, лъыр и нэкІум къыщІохьэж,
Шур, зречри, йожэх бгыщхьэм, и мурадым гу щехуэж.

Тариэл ар щыбгъэдыхьэм къеплъыххакъым, нэр къигъаплъэу.
Уэдыкъуарэ хуэхьэдафэу щысщ лІыхъужьыр, хуабжьу хэплъэу.
Чэтхъащ фащэр, лъыпсщ и нэкІур, - лъэІэсащ лІым удын хьэлъэ,
Къегъэлъагъуэ и щытыкІэм ар ажалым зэрыпэплъэр.

Аслъэн гуэри щылъщ укІыгъэу, щылъщ и джатэри лъы защІэу.
Зы къаплъэни хэлъщ удыпщІэм, ихуауэ иІэр гъащІэу.
Тариэл и нитІым нэпсыр къыфІыщІож, зэпыу имыщІэу,
И губамПэр мафІэ лыгъэу къызэщІопльэ, нэхъри гуащІэу.

И напІитІыр зэтрихыу, и гур хуэкІуэркъым къэплъэну,
Щхьэщытыпэщ хьэдэ мащэм, зэ бэкъуэжмэ щыхупэну.
Автандили абы йоджэ, ажал пщІыхьыр щхьэщихуну,
Щымыхъуххэм, бгъэдокІуатэ, къуэш къалэн игъэзэщІэну.

ХуелъэщІ нэпсыр ІэгукІэ щІалэм, хуигъэгъущу напэ псыІэр,
БгъэдотІысхьэри гумащІэу, едэхащІэуэр жреІэ:
«Автандилщ ар! Сыкъэпльагъурэ? ЗыкъэщІэжи, къэщтэж уи Іэр!»
Тариэл къеІэт и нэкІур, зэхимыхыу къыжраІэр.

Къыщыхъуахэр абдеж псори хэзмыдзІау фхузоІуэтэж:
Автандил ныбжьэгъум ІэплІэ хуещІ, адрейми зыкъещІэж.
ЗэкъуэшитІым хуэдэу гуапэу зыщІэкъащІ, къоугуфІэж.
КъыщІэкІынкъым дунейм тету а тІум хуэдэу щІыху зэкІуж.

Тариэл къопсалъэ: «Плъагъурэ? СепщІыжакъым уэста псалъэм.
Сэ сыпсэуц икІи тхъэльаанэм хуэдэу льэщ темыт ди щІылъэм.
Ауэ гугъу уэ зумыгъэхьыт - сешэр сэ ажал къысепплъэм.
Иумыгъэшхыу хьэм си хьэдэр, сыщІэльхьэж, къыптемыхьэлъэм.

Автандил абы пэроуэ: «Сыт мы жьыпІэр, къыпщыщІар?
Хэту пІэрэ льагъуныгъэм имыІуэту ІэщІэкІар?
Дунейм хэт жызыІэфынур иджыпсту уэ къызжеПар?
КъигъэпщІащ шейтІаным хэтми, «Сэ сылІапхъэщ! - жызыІар.

ПщІэн хуейщ уэри, угубзыгъэм, губзыгъагъэр езыр сытми.
Гуауэр щхэуу зыгъэткІуфыр цІыху губзыгъэщ мис ар хэтми.
ЗиІыгъын хуейщ цІыхум быдэу, и гукъеуэр хьэлъэу щытми.
Насыпыншэ цІыхур зыщІыр и акъылырщ, ар къельыжми.

УцІыху Іущщ уэ, ауэ пщІэркъым Іущхэм ящІэ губзыгъагъэр.
ДэпхькІэ гъащІэр хьэкІэкъуэкІэм, текІын уи гум телъ уІэгъэр?
ІэщІыб пщІыкІэ дуней нэхур, къохьулІэну пІэрэ гугъэр?
Сыт щІупхэнур щхьэ мыузыр? ЩІэбгъэятэр сыхьэт мыгъуэр?

Хэт, къызжеІэт, хьэщыкъ мыхъуу льагъуныгъэм ІэщІэкІар?
Фіуэ ІэщІэм имыІуэту, хэт ахърэтым ехьжар?
Сыт хуеиж псэр, ар щыхэкІкІэ? Хэт тепльэншэуи къальхуар?
ДэщІымыгъуу розэм банэ къыпсызычу хэт плъагъуар?

Зэгуэр розэм ираІуэкІырт: «Уэ удахэщ, дынохьуапсэ,
Ауэ сыт щІыпттетыр банэ? ДыноІуэсти зыкъытхасэ».
Жэуап къетыр: «Тынщкъым, дауи, Іэпэгъу пщІыну гур зэхъуапсэр.
Ауэ пэшэгъу куэд ищІамэ дахэм, щайщ ары и уасэр».

Удэ къэкІыгъэу розэ цІыкІум щыхулъэкІкІэ ар жиІэн,
Гугъу емыхьу, и пІэм ису, и насыпым хэт ІущІэн?
Кьыумыхутэм и хьилагъэр, дау шейтІаным хэткІуэн?
Сыт Іуэху щыІэ Іэмалынщэу? Мы дунейм тет пхуэмыщІэн?

Зэ кьедаІуи мы сэ бжесІэм, шым нэшэси, гъуэгу нытехьэ.
Зыдумыгъэхьэхыт гуауэм, пщыхъуми хьэлъэ ар, гущІыхьэ.
ТІэкІу зышыІэ, къохьалъэкІми, Іуэху, гур къэплкІэ, упымыхьэ.
Сэбэп мыхъумэ сэ уэ бжесІэр, афІэкІ сщІынкъым уи гугъу... Ди Тхьэ!»

Жэуап къетыр: «Сыт жысІэн сэ? Псалъэр дауи зэзгъэкІун?
Къарууншэщ си акъылыр, жьпІэр сэ зэІубз схуэщІын?
Тынщщ нэгъуэщІым и унафэ пщІыну, сыткІэ ар къиин!
ЗыдэщІэм псэ тыншыпІэ сехь ажалым. Сыт схуэщІэн?

СылІэн япэ кьихуэу, уафэм солъэІу мы зыр къысхуищІэну:
Дунейр тхъами зэпэІэщІэу, дылІэм ди псэр зы ищІыну,
Хьэщыкъ хъуахэр зэІущІэжу я губампІэр тІысыжьыну.
СыщІэфлъхьажь, къысхуэфтІи мащэ нэхъ кууІуэу, пІэ схуэхъуну.

Хэт зи жагъуэр фІыу илъагъур, гум и плъапІэщ лъагъуныгъэр.
Абы сэри сыщІохьуэпсыр къыстепсэну зэ и дыгъэр.
Зэ дэ тІур зы дыхьужатэм зыхуэтІуэтэжьынт мыгъуагъэр.
ЩІэдэІу жалЭми, нужькІэ лэжь уэр-уэрурэ уи гугъэр.

Ухуейм пщІэну си мурадыр, бжесІэнщ, хуэсщІу пэжым щІыхь:
СыхуопІащІэ сэ лІэныгъэм, гугъу сэ щхьэкІэ зумыгъэхь.
Сыкъебгъэлмэ сэ ажалым, ухэкІынкъым си бэлыхь.
НэхъыфІщ кІуэм ахъэтым си псэр, къыстемынэу и гуэныхь.

Уэ къызжепІэм седэІуэну сэ сиІэжкъым гукъыдэж.
Ситщ и пащхьэм ажал фІыцІэм, жьпІэм сыт и мыхьэнэж.
ЩызиІар дунейм хъуэпсапІэу щызиІэжкъым - сыт ІэфІыж?
Срехьэхыр мащэ кІыфІым бампІэм, хэткъым къэгъэзэж.

Іущыр хэтми, Іущыр сытми сыт хищІыкІрэ акъылыншэм?
Сэбэп хъунут а къызжепІэр, си акъылыр къыздэгущэм.
Удэ гъэгъами щІедэзр хуалэу, нэху темыпсэу ар дыгъэншэм.
КъоІэ си гур кІылъэтыну! КІэрыкІ, кхъыІэ, насыпыншэм».

ФІэпсэкІуэд хъупау ныбжьэгъур, Автандил аргуэру жеІэ:
«Іэмалыншэ Іуэху къэхъуакъым, сыт уэр-уэру псэм ущІеІэр?
Умылажь делагъэ, уи щхьэм лей епхыжу, щыгъэт гуЕр».
Тариэл щысщ щым хъупауэ, гурымыІуэу къыжраІэр.

АдкІэ пещэ: «Уи ныбжьэгъум пфІэмыІэфІмэ жиІэ псалъэр,
КъыфІэзгъэкІыу уи гугъу сщІынкъым, сэри бампІэр къыстохьэлъэ.
УщыхуейкІэ уэ апхуэдэу, жажалщ, дауи, узыпэплъэр.
Ауэ щІэфыт уэ зы закъуэ, тІэкІу гъэгъущи уи нэпсыльэр.

Сыкъыщежьэм Инд щІыналъэу адэжь лъапсэр къызэзнэкІыу,
Пщым я пщыжу хэку пащтыхьыр къыщызгъанэм нэпс щІигъэкІыу,
Илъэс сщыхъуу махуэ бжьгъэр сыкъыщыкІуэм сепІэщІэкІыу,
Си гугъат сэ пщІэ тІэкІу сиІэу, си гугъуехьми зыгуэр кьикІыу.

Хьэтыр уиІэм, къызэдаІуи, лэжь си лъэІум щыщ зы закъуэ:
Сыгъэльагъут шыбгым уису, кхъхэмыкІыу Іуэху ныкъуакъуэ.
ПщІэну щыткъым - уи губампІэр егъэза хъунщ тІэкІу льэныкъуэ.
Сэбэп мыхъурэ - уи гугъу сщІынкъым, узыфІэфІыр лэжь уи закъуэ».

ЕлъэІуащ ар куэдрэ щІалэм: «Нежьэт, тэджи!» - жиІэу, убзэу.
ИщІэрт ар зэрытеунур, и пІэм икІмэ, тІэкІу зигъазэу.
Зиужьынут и Іэпкльэпкъым, нэпс утхъуами щІидзэнт жабзэу.
Акъылэгъу ныбжьэгъур щыхъум, кьоугуфІэжьыр ар, бзэрабзэу.

Тариэл къопсалъэ: «Содэ! Сыгъэшэсыт си шым псынщІэу!»
Автандил ар етъэшэсри, тохьэ тІури гъуэгу мыпІащІэу.
Губгъуэм щихьэм, хьэуам хэту зыкъещІэж лІыхъужьым, къапщІэу.
КъакІухьащ апхуэдэу куэдрэ, якІу гъуэгуанэр яфІэмащІэу.

Нэжэгужэу, ІэфІу и бзэр, Автандил хьыбархэр жеІэ,
Теун папщІэ и ныбжьэгъур, кІэ имыІэу мэгушыІэ.
Зэхихатэм абы жиІэр, хъужьмт щІалэ ныбжьыфІ зиІэр.
КъищІэнт гуапэм и ІэфІыпІэр, икІуэтынти гуауэу щІэр.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Фэеплъ сурэт. Рихьэние къуажэм (Израиль) щылажьэ Адыгэ музейм и унафэщІ Хъун Щэукъий Мэшбащ Іэ Исхьакъэрэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ бгъэдэтщ.

Къэпкъыр зэрикъухьам дигъэгумэщІми, щІыналъэ куэдым зэрыщыпсэум гур хегъахъуэ

(КІэуихыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Пэжыр жыпІэмэ, сэ сызыдэщІахэм сахэта нэужь къызгурыІуащ захуагъэр зи гъуазэ, акъыл зыбгъэдэлъ тхьэмадэфІхэр дызэриІэр. Я бзэр, хабзэр, тхыдэр хъумэным иІэ мыхьэнэр, адэжь хэку я щІыбагъ кІыхь зрыдэтыр зыхъэщІэ, Іэпкъ Іэхум зэран кІыхьэмыхъуІауэ илэкІэ гъэкІуэтэным и телъхъэ нэхъыжьыфІхэм сагъэгушхуащ. Пщыр сыткІэ щхьэпэ, псалъэмакъ къекІуэкІахэм си къуажашагъэ зэрыхэлъри слъагъужащ. Илъэсиц пІалъэм къриуфыдзу а къэралхэм нэхъ пасэу сызэрымыкІуам сыхущІегъужащ. Дахыхьамэ, депсэльамэ, Іуэхур эыІутыр дэ къыдбгъэдэкІыу зэхахамэ, анэхудиз псалъэмакъи, зэгурымыІуэныгъи щылэнутэкъым, ар си фІэщ хъущ. ижьжьэмри щІалэгъуалэми сепсэльа нэужь. ДАХ-м илэжьхэр зигу нэмысу зэІуІэм къыщыпсэльахэм дыкъыщІэкІыжа нэужь къызэрытухэарэзыр къыдбгъэдыхьэурэ жаІэрт, Іуэхум нэхъ кууу щыгъуаззу щытамэ, апхуэдэ зэгурымыІуэныгъэ діи зэхуаку къыдэхъуну зэрыщымытар къыхагъэщырт. Дяпэкі ДАХ-м и Хасащхьэм хэтыну хахынухэм си щхьэкІэ чэнджэщу естынущ, хамэ къэралхэр къызэхэкІухьурэ, адыгэ щІыхуБэм яхуэзэурэ Іуэхуэхэр яубзыхуну.

Иорданием зэрыщыІам и гугъу щищІам, Сэхъурокъуэм къыхигъэщащ адыгэм я Іуэхур щыфІ, я бзэр щадж, я хабзэр тыншу щІызэрахьэж зы къэрал щІыпмэ, ар Иорданиерауэ зэрыщытыр. Абы щылажьэ Адыгэ ФІыщІэ Хасэм и тхьэмадэ Къардэн Самир Иордан Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и сенатору зэрыщытыр иригушхуэу къыхигъэщащ, абы нэмыщІ адыгэ бзыльхугъитІи сенатым зэрыхэтыр дыдэмкІэ щыІ. Сэхъурокъуэр журналистхэм яхутепсэльыхьыжащ хэкум икІа ІыкІуэ гупыр Иорданием и пащтыхьыкъуэ Алий бин ал-Хъсейн, Урысей Федерацэм и ІыкІуэм и хэщІапІэу Амман дэтым, ХьалащхьэМ и мэрием, сенатым я унафэщІхэм зэрырагъэблагъар, зэпсэльэныгъэ купщІафІэхэр зэрырагъэкІуэкІар.

«Сыт хуэдэ зэІуІэри гуапэу екІуэкІащ, лъэныкъуитІри тыншу дызэгурыІуэу. КъыхэзгъащІыну сыкуейт яхуэтІуатэ Іуэхур зэхэхьу, езыхэм жаІэр къыдгурыІуэу, ди хэкушхуэм - Урысейм - щекІуэкІхэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим щыхъыбархэри ящІэу зэрыщытыр», - жиІащ Хьэутий.

ДАХ-м и ІыкІуэхэм я лэжьыгъэм щыпащар Израилращ. Абы щыІэ адыгэ къуажи-

ДАХ-м и ІыкІуэхэр Кфар-Камэ и Адыгэ Хасэм и хьэщІэщ.

Джэдмыщх псыкъелъэр тхуэхъумэну?

Европэм щынэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ Джэдмыщх псыкъелъэм шынагъуэ къыззэрытехьам къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм Іэ щІадзу хуежьащ ар хъумэным теухуа тхыгъэм.

ІУЭХУР къыззрежьар мыращ. Дзэлыкъуэ районым хиубыдэ къуажэхэм зэфэн псы зэрахуримыкъум къыхэкІыу «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэм илкъ иткІэ, 2010 гъэм нукъуэдийуэ зэхуэсащ Ран-кол, Ашлы-кол, Къарэсу псынэхэм псы кьыхэзышыну бжьамийхэр. Проектым илкъ иткІэ псыр ягъэкъэбзэнутэкъым, лъагапІэхэм къыззрыщІэжьам къыхэкІыу псыр къуажэ псоми яхурикъуу унагуэзэм екІуэлІэнут. Мыбдеж къамылъытар зы закъуэт - и дахагъэкІэ зыхуэбгъэдэн щымыІэ псыкъелъэм и кьежьапІэу а псынэхэр зэрыщытыр.

Іуэхум сызэригъэпІейтейм теухуа тхыгъэ 2010 гъэм сэ республикэ газетхэм къытрырезгъэдзащ икІи, ар хэІущІыІу щыхъум, щІыху куэд къуващ псыкъелъэ хьэлэмэтыр хъумэным и телъхьэу. Абы щыгъуэм ухуэныгъэ къызэтрагъэувыІауэ щытащ, ауэ абы и щхьэусыгъуэр си тхыгъэртэкъым, щІыхуэр зэрымыарэзыри аратэкъым, атІэ ахъшэр зэраухарт.

Иджыпсту республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий щІыху гупым тхыгъэкІэ зэрызыхуагъэзам къыхэкІыу 2014 гъэм лэжьыгъэхэр аргуэру къагъэувыІащ, къэрал экологие экспертизэ ирагъэкІуэкІри икІи жылагъуэ Іуэху епІпыкІэр щызэхагъэкІыжри зэІуІэжьэ къыззрагъэпэщакъым. Зи гугъу сщІы экспертизэр щрагъэкІуэкІа зэманми, ар езыгъэкІуэкІами, экспертизэр зытеухуауэ щытами сэ сыщыгъуазэкъым, ауэ пыухыкІауэ сщІэр зыщ - жылагъуэ Іуэху епІпыкІэр зэхагъэкІын папщІэ зы зэІуІэ къызэрагъэпэщакъым. Апхуэдэу щыт пэтми, ахъшэ къызэрыхуауТІыпІщу, дызэрыт илъэсым и накъыигъэм ухуэныгъэр щІэгъэхуэфащэуэ ирагъэжьэжащ. Апхуэдэу щыхъум, Европэм щынэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ Джэдмыщх псыкъелъэр хъумэнымкІэ къыздэІэпыкъуну делъэІуу дэ УФ-м и Президент Путин Владимир зыхуэдгъэзащ. Интернетым итлъхьа а тхыгъэм къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм я щыпсэу щІыху зи зыгъэзэм ирибыдзу Іэ щІэзыдзахэм я бжьыгъэр мин 50-м нэблагъащ.

Апхуэдиз псалъэмакъым яужькІэ проектым халъхьащ псыкъелъэм екІуэлІэ псыр нэхъ мащІэ зымыщІыну къалъытэ зэхъуэкІыныгъэхэр. Абы теухуауэ дыщепсальэм КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм и лэжьакІуэ Жэмыхъуэ Заурбий къыджиІащ: «Дзэлыкъуэ районым хиубыдэ къуажэ 14-ми зэфэну псы къабзэр яхурикъуркъым икІи абыхэм щыпсэу щІыху мин 35-р хуабжьу гууІэ йохь. Ауэ щыхъукІэ Къарэсу, Ран-кол, Ашлы-кол псынэ къабзэ дыдэхэр абыхэм зэрапэжыжьэр кило-

Абы дегъэпІейтей

метр 15 - 16 хуэдизщ. Къуажэхэм псыр къызэрекІуэлІену бжьамийхэр укъудзинныр «Урысей Ипщэ» программэм 2009 гъэм хагъэхьа иужь, дэ псынащхьэхэм екІуэлІэ гъэзугр тІщІыуэ щІэдзащ. А гъэзугр Джэдмыщх псыкъелъэм пыщІа Къарэсу псынэм щынэсам дэ къыдгурыІуащ апхуэдэ щІыпІэ дахэ дыдэ псом зэрыщыІэгъэгъуейр. Дэри зыри къытфІэмыІуэхуу, щІыуэпсыр зэІуІэхьми къидмыдзэу дыщІэткъым, ауэ мыбдежым щІыхуэм я гугъуехьэхэр къыщІэтлъытэн хуейщ.

Аращ проектым зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ щІэхэтлъхьар. Псынэм пэмыжьыжьэу щІыпІ апхуэдизу къабзэу щыІэнт нэгъуэщІ псы икІи мис ар псыкъелъэм хуэкІуэу етІуэнтІэкІынущ икІи абы и Іыхьэ щанэр псыкъелъэм хурикъуну къалъытэ.

Дзэлыкъуэ районым и жылагъуэхэм яІэну псыр щыхэхуахьэсыну гуэл щІыкІур мы гъэм хьэзыр яІщыну я мурадщ. Апхуэдэу абдеж псыкъуий щхьэхуэ къыщатІынурэ, ари псыкъелъэм телъжьынущ. Пэжыбгъэ псори ІыхьитІу зэщхьэщыхьуэ екІуэкІынущ. 2017 гъэм псыр Каменномост къуажэм нэсынущ. Абы иужькІэ бжьамийхэр Дженал щыгум щхьэпрашынурэ адрей къуажэхэми яІэнущ».

Мис ахэрщ псыбжьэ хуэхъуар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор щыщхьэуІум и 8-м «Кабардино-Балкарская правда» газетым иритэ интервьюм. Абы жиІащ: «Хэхауэ къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ зэфэн псыкІэ Дзэлыкъуэ районым и къуажэхэр къыззэгъэпэщыфын, абы къыщымынэу, Ставрополь краймэ пІэдэсым псы жапІэ лъэщ зэрыщІыр. Ар зэраукъуэдийр Джэдмыщх псыкъелъэм зыкІи зэран хуэхъунукъым, экологиеми абы и зэран зыкІи екІынукъым».

Мыбдеж экологием зэранигъэ игъуэтынрэ имыгъуэтынрэ апхуэдэу тыншу утепсэлъыхь хъуну си гугъэкъым. Псынащхьэм къит псым и Іыхьэ щанэр бжьамийкІэ ІуэлІынымэ, абы и пІэкІэ псыкъелъэм нэгъуэщІ псы хагъэльэдэнумэ, псыкъуий щхьэхуэ къатІынумэ, дауэ Джэдмыщх зыкІи зимыхьэжу къызэтенэну шэсапІэ зэрэрихьэнур? Сыт хуэдэ мурадыфІхэм темыщІыхьами, экологием ухэлэбэнр дзыхьщІыгъуэджащ. Мис аращ зыкъуэфащэ ІэщІагъэлІэхэр, псом я пэуэ жьыгаГъуэ ІыкІуэхэр хэту проектым аргуэру хуэлпІэжьи щыІахэр. Абы хэзгъэза япэ лъэбакъуэщ «Балъкъ Ищхъэрэ» къэрал заказникым псыжапІэр зэрыпхыкІынумкІэ проектым и къэрал экологие экспертизэ егъэкІуэкІынщ. А Іуэхур КъБР-м Экологиемрэ щІыуэпсым и хьугъуэфІыгъэхэмкІэ и министерствэм зы маздэм къриубыдзу эзфІигъэлІынущ къыпэщыщІу.

Зы маздэрэ ныкъуэм къриубыдзу сэ Джэдмыщх псыкъелъэм хэнейрэ сыщыІащ. Иужь дыдэу абы махуэ зыбжанэ япэкІэ сыщыкІуам псыкъелъэр и хъуреягъкІэ къэскІухьащ, абы къежьэ дэтхэнэ псы къудамэри збжьыу. Мис а къудамэ бжьыгъэшэхэщ псыкъелъэр телъыджэ зыщІыр, икІи абыхэм зэрыкъэзыр гъужмэ, псыкъелъэми зыхъэжнущ.

Ди нэри ди псэри зыгъафІэ апхуэдэ щІыпІэ телъыджэр тхуэмыхьумэну си нэгу къысхуІэгъэхъэркъым. Апхуэдэ мыхъумыщІагъэ къэхуну я фІэщ хъуркъым Джэдмыщх псыкъелъэр къелъэпыным теухуа тхыгъэм Іэ щІэзыдза щІыху мин 50-ми. Ауэ зэкІэ тІыгъуэр нэгъуэщІу: псы жапІэр зыщІ ухуакІуэхэр зы дунейм, щІыуэпсыр хъумэным игъэпІейтей щІыхуэр нэгъуэщІ дунейм щыпсэу икІи ахэр зэи зэлъэмыІэс хуэдэщ. Апхуэдэу щытми, ипэжьпІэкІэ а лъэныкъуэтІри зэбгрыкъым икІи зэныкъуэкъуэгъуэкъым. ЦІыхухэм псы ямыІэу хьунукъым, абы кьыхэкІыу ухуэныгъэр нэгъэсын хуейщ. Ауэ лэжьыгъэхэм мардэ ткІийкэр хуамыгъэувынкІэ Іэмал иІэкъым, экологием зэранигъэ имыгъуэтын, Джэдмыщх псыкъелъэри илъэс мин Іэджэ лъандэрэ зэрыщытым хуэдэу къызэтенэн папщІэ.

КОТЛЯРОВ Виктор.

Щ Іэныгъэ

ЩІДАА-м хагъэхьэнухэр къыхах

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и зэхуэсышхуэ Налшык щыщхьэуІум и 21-м щекІуэкІынущ. Абы ипэ кьыхуэгу мы махуэхэм зэхэтащ ЩІДАА-м и Президиумым и зэІущІэ. Абы щыхэплащ �щІДАА-м действительнэ члену, член-корреспондент хагъэхьэнухэм я спискэм.

�щІДАА-м и Президиумым и зэхуэсым унафэ зэрыщащІамкІэ, кэхыныгъэхэм хэтыну хуитщ:

1. ЩІДАА-м Математикэ щІэныгъэхэмрэ нано-информацэ технологиехэмкІэ и къудамэм

ЩІДАА-м и действительнэ члену:

1. Джураев Іэбубэчыр Мухьтар и къуэр - �щІДАА-м Математикэмрэ нано-информацэ технологиехэмкІэ и дунейпсо институтым и щІэныгъэ советым хэтыр, Урысей Федерацэм и япэ президент Ельцин Борис и цІэр зезыхьэ Къыргъыз-Урысей славян университетым дизайнным и математикэ лъабжьэхэмрэ архитектурэмкІэ и кафедрэм и унафэщІыр, Къыргызстаным и математикэ зэгухьэныгъэм и президентыр, физико-математикэ щІэныгъэхэм я докторыр (Бишкек, Къыргызстан).

2. Кочкаров Ахьмэд Магомед и къуэр - «Кавказ Ищхъэрэ къэрал гуманитар-технологие академие» Федеральнэ къэрал бюджет еджапІэ нэхъыщхьэм Прикладнай математикэмрэ хъыбарегъащІэ технологиехэмкІэ и институтым и «Математикэ» кафедрэм и унафэщІыр, физико-математикэ щІэныгъэхэм я докторыр, профессорыр (Черкесск).

3. Эдиев Далхат Мурадин и къуэр - «Кавказ Ищхъэрэ къэрал гуманитар-технологие академие» Федеральнэ къэрал бюджет еджапІэ нэхъыщхьэм Прикладнай математикэмрэ хъыбарегъащІэ технологиехэмкІэ и институтым и унафэщІыр, физико-математикэ щІэныгъэхэм я докторыр, профессорыр (Черкесск).

2. ЩІДАА-м Физикэ щІэныгъэхэмкІэ и къудамэм

ЩІДАА-м и действительнэ члену:

1. Къалэ Руслан Хьэжбарэ и къуэр - �щІДАА-м и член-корреспондентыр, �щІДАА-м и къэзыщытэ комиссэм и унафэщІыр, Росгидрометым и «Бгы льагэ географие институт» Федеральнэ къэрал бюджет ІэзэгъуІапІэм и унафэщІым и къудзэр, физико-математикэ щІэныгъэхэм я кандидатыр, доцентыр (Налшык).

3. �щІДАА-м ЭнергетикэмкІэ, машинэ ухуэныгъэмкІэ, механикэмрэ управленэмкІэ и къудамэм

ЩІДАА-м и действительнэ члену:

1. Егуэжь Артур Мухьэмэд и къуэр - �щІДАА-м и член-корреспондентыр, КІуэкІуэ Валерий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым «Техникэ механикэмрэ физикэмрэ» и кафедрэм и доцентыр, техникэ щІэныгъэхэм я докторыр (Налшык).

4. �щІДАА-м Медико-биологие щІэныгъэхэмкІэ и къудамэм

ЩІДАА-м и действительнэ члену:

1. Даур Борис Индрис и къуэр - �щІДАА-м и член-корреспондентыр, дохутыр-пульмонологыр, Дохутырхэм я щІэныгъэм щыхагъахьэу институт нэхъыщхьэм и консультантыр, медицинэ щІэныгъэхэм я докторыр (Москва).

Футбол

Шэджэмдэсхэм я зэныкъуэкъуныгъэм кІэух увыпІэр къахуехь

Республикэм футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм щыщу къэнэжар и Іыхьэ щанэрщ. Дяпэкіэщ бэнэныгъэм и гуащІэгъэуэр.

МЕДАЛХЭМ щІэбэныну командищыр куэд щІауэ наІуэ хъуами, гуп нэхъыщхьэр зыбгынэнухэр жьыжьэуи зэхэкІакъым. Ар я натІэ хъуфыныгъэ мыгъэрей чемпионатым хэтхэм я зэхуэдитІым. Псом хуэмыдэу зэІэпахыр иужь дыдэ ушыпІэращ. Ар чэзуэу яубыдэ Псынэдахэ, Псыгуэнсу, Шэджэм ЕтІуанэ къуажэхэм я футболистхэм.

Иужьу зэхэта джэгуГуэм хьыхьэу Шэджэм кьалэм щекІуэкІа зэІущІэм кІэух увыпІэм щытыр аргуэру ихъужьащ. Ар зыІущІэльа «Родник»-р абы кьикІысащ, и стадионым «Союз»-р щыхьугъащІэри. КІэухыр Іэрыхьащ шэджэмдэсхэм я зэпеуэм щыхэгъэщІа къуажэдэсхэм.

Пашэныгъэр зыыГъхэр зэкІэ зэхъуэкІыныгъэншэщ. «Къэхъунымрэ» «ЛогоВАЗ»-мрэ бжьыгъэ зэщхькІэ я хьэрхуэрэгъуэм текІуауц, «Автозапчасть»-р «Спартак-Налшыкым» и щІалэгъуалэ гупым щысхьакъым. Щэбэт кьакІуэ Бабугент щыІэзэныну зэІущІэм зыкъом наІуэ кьищІыфынущ. Абы «ЛогоВАЗ»-мрэ «Автозапчасть»-мрэ щызэпэщІэтыныщ. Хэгъэрейхэр текІуэмэ, «Къэхъуныр» адрейхэм очкоитхуІэ ящхьэщыкІынурэ чемпионыгъэм ерыщу хуэкІуэнущ. «Автозапчасть»-м и насып кьикІмэ, дыщэ медалхэм ехьэлІа зэныкъуэкъуныгъэм кьаруущІэ игъэтынущ.

ЩІалэгъуалэм я зэпеуэм апхуэдизу гугъуехь хэлъхьам. Нарткъалэ и «Нарт»-м абы бжьыпэр зэрыщІмыуТІыпІщыну наІуэщ.

Щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм хэт командэхэм иужьу ирагъэкІуэкІа джэгуГуэм кьрикІуэ бжьыгъэхэм: **«Тэрч»** (Тэрч) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **1:3**, **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **«Бедик»** (Арщыдан) - **3:1**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Союз»** (Налшык) - **4:2**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **6:1**, **«Велес»** (Къэрэгъэщ) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **3:2**, **«Щтауч»** (Шэджэм) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **3:0**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхъэрэ) - **4:4**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **4:0**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Къэхъун»	20	17	3	0	86-16	54
2. «Автозапчасть»	20	16	3	1	91-26	51
3. «ЛогоВАЗ»	20	15	4	1	73-29	49
4. «Союз»	20	12	2	6	53-34	38
5. «Нарт»	20	9	1	10	50-48	28
6. «Кэнжэ»	20	8	3	9	50-53	27
7. «Бахъсэн»	20	8	2	10	31-55	26
8. «Велес»	20	8	2	10	47-70	26
9. «Бедик»	20	7	2	11	34-43	23
10. «Тэрч»	19	7	1	11	43-58	22
11. «Щтауч»	20	6	3	11	39-60	21
12. «Къэбэрдей»	20	5	6	9	44-60	21
13. «Спартак-Д»	19	6	1	12	36-44	19
14. «Псыгуэнсу»	20	6	1	13	31-51	19
15. «Родник»	20	6	0	14	51-80	18
16. «Шэджэм-2»	20	5	2	13	29-61	17

Гу зылъытапхъэ

«Троллейбус управленэ» МУП-м зэпымыууэ лэжьэну троллейбусэхуэхэр мыпхуэдэ щІыкІэкІэ кьещтэ:

- улахуэр сом мини 10-м кьыщыщІэдзауэ мин 20-м нобл агъэ;
- я илъэс отпускым улахуэ зыхуэтх махуэ 12 хущІагъу;
- социальнэ Іуэхутхъэбзэ псори яГъэт;
- нэхъ пасэу пенсэм кІуэну хуитщ;
- «Троллейбус управленэ» МУП-м и автотранспорткІэ лэжьапІэм яшэнущ, троллейбускІэ пщІэншэу зекІэнущ.

И хэщІапІэр: **Налшык къалэ, «Дубки» хьэлэ, «Троллейбус управленэ» МУП.**

Телефоныр: **8(928) 713-03-39.**

Къэбэрдей-Балъкъэр автомобиль-гуэягу колледжым троллейбусхэуэ иригъэджэн папщІэ, илъэс 20 ирикъуа, абы фІэкІа щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ кьещтэ. Щеджэ зэманым стипендие ярет.

Къауха нэужь, «Троллейбус управленэ» МУП-м ІэнатІэ щратынущ.

Гупыр зэхуэрикъуэ, еджэным щІадзэнущ. Ар мазих пІалъэм тещІыхьащ.

И хэщІапІэр: **Налшык къалэ, Хъураным и цІэр зезыхьэ уэрам, 1.**

Телефонхэр: **8(8662) 40-91-99, 47-30-00.**

ГИА-2015:

фокІадэм (сентябрым) экзамен зытыжынухэм папщІэ

УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэм 2013 гъэм кьыдигъэкІа унафэ №1394 ипкъ иткІэ, 9-нэ классэ къэзыух ныбжьыщІэхэу Іэмал имыІэу ятІэн хуей экзаменитІым (математикэмрэ урысыбзэмрэ) яІэнущ зыхэмытахэм хуитныгъэ яІэщ апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм иджыри зэ кІуэцІрыкІыну.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхьэмкіэ и министерствэм и сайтым хэрахьха хьэрыбарым ипкъ иткІэ, апхуэдэ Іэмал яІэнущ мы гъэм 9-нэ классыр кьэзыухуа ныбжьыщІэхэу Къэрал къэзэрыщІэкІ къэпщытэныгъэм (ГИА) пэмыльэщхьэм. ГИА экзаменхэр фокІадэм екІуэкІынущ:

фокІадэм и 7-м (блыщхьэ) - математикэ;

фокІадэм и 14-м (блыщхьэ) - урысыбзэ;

фокІадэм и 16-м (бэрэжьей) - математикэ;

фокІадэм и 21-м (блыщхьэ) - урысыбзэ;

фокІадэм и 22-м (гъубж) - урысыбзэ, математикэ.

ГИА-р зытыжьынтхъэхэм абы теухуа лъэІу тхыпІэ курыт зэрыщІэкІ къэпщытэныгъэм щІадзэным хуейщ экзаменхэр щІадзэным тхъэмахуитІ нэхърэ мынэхъ мащІэ иІэжу.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Егъэджэныгъэ

Теддэр тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІпыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатным и хутныныгъэр зэхуэмыныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редакторыу Щоджэн Аминэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 4-нэ нап.)*, Елмэс ФатІимэ *(2, 3-нэ нап.)*. *КомпьютерКІэ газетым и тепльэр ящІащ:* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Бецто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанинэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1403